ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№99 (23.007) • 2015 гъэм накъыгъэм (майм) и 29, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**Ныр М. Къ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иЩIыхь тхылъыр етыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын **Ныр Мадинэ Къанин и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм ЗАГС-мкIэ и къудамэм и унафэщIым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2015 гъэм накъыгъэм и 27-м*
*№72-УГ*



*Сурэтыр* **Каюдин Евгений** *трихащ.*

# Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Корее Ипщэмрэ я щIэныгъэлIхэм я зэпыщIэныгъэм зеубгъу

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий иджыблагъэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щахуэзащ Корее Ипщэм и Дангук университетым и лIыкIуэхэм. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ ди республикэмрэ Корее Ипщэмрэ щIэныгъэ IуэхухэмкIэ зэрызэпыщIар гъэбыдэным.**

ХЬЭЩIЭХЭР абы япэкIэ Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр аграрнэ университетым щыIащ. ЛъэныкъуитIым я лIыкIуэхэм Iэ щIадзащ щIэныгъэ- къэхутэныгъэхэр егъэкIуэкIыным, щIэныгъэмрэ педагогикэмрэ ятеухуа конференцхэр къызэгъэпэщыным, студентхэмкIэ, егъэджакIуэхэмкIэ, къэхутакIуэхэмкIэ зэхъуэжэным хуэгъэзауэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа меморандумым.

Иджыпсту фэ ди деж фыкъызэрыкIуар, къыхигъэщащ КъБР-м и Iэтащхьэм, КъБР-м и Правительствэм и делегацэр 2014 гъэм и щэкIуэгъуэ - дыгъэгъазэ мазэхэм зэрыщыIауэ щытам пызыщэ Iуэхущ. Абы лъандэрэ лэжьыгъэ хъарзынэ екIуэкIащ. Хэхауэ къыщIытебгъэзэжын щыIэкъым фи къэралым егъэджэныгъэр хуабжьу зэуIуу зэрыщекIуэкIым, ауэ апхуэдэ лэжьэкIэм дэ гу лъыдмытэу къэдгъанэ хъунукъым. «ЕгъэджакIуэм и ныбжьыр щIым тридзэмэ, абы утеувэ хъунукъым» жиIэу Кореем щыIэ псалъэжьым къегъэлъагъуэ педагогым хуащI пщIэм и инагъыр. Урысейми егъэджэныгъэм хуэфэщэн гулъытэ щыхуащI.

Кореем щыщ диаспорэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэум и гугъу щищIым, КIуэкIуэ Ю. А. къигъэлъэгъуащ зи лъабжьэр Кореем къыщежьэ цIыхухэм ящыщ куэд республикэм и псэукIэм сыт и лъэныкъуэкIи зэрыхэзэгъар.

Дыгъуасэ хьэщIэхэр КъБР-м и мэкъумэш IуэхущIапIэхэм ящыщ зым щыIащ, апхуэдэу Iуащхьэмахуэ лъапэ и лыжэ къэжыхьыпIэхэм щыгъуазэ зыхуащIащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым дызэрыщыIэр дэ хуабжьу ди гуапэщ. Апхуэдэу КъБР-м и делегацэм хэтахэм фIыщIэ яхудощI ахэр гъэ кIуам и кIэухым Корее Ипщэм нэкIуауэ зэрыщытам папщIэ. Ди лэжьыгъэри зыгъэпсэхунри хуабжьу зэщIэгъэуIуауэ йокIуэкI. Официальнэ Iуэхухэм къадэкIуэу дэ тфIэгъэщIэгъуэну щыгъуазэ зыхуэтщIащ республикэм и къалащхьэ Налшык. Дэ тхузэфIэкIыу зыри къэдгъэнэнкъым лъэныкъуитIым я зэпыщIэныгъэхэм зедгъэубгъун икIи ахэр дгъэбыдэн папщIэ», - жиIащ Дангук университетым и президент Хосонг Джан.

ЗэIущIэм и кIэухым абы хэтахэр тыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэхъуэжащ икIи зэщIыгъуу сурэт зытрагъэхащ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

# Дагъыстэн журналистхэр IуэхуфIкIэ къытхуоблагъэ

**Иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуащ Дагъыстэн Республикэм и журналистхэм я лIыкIуэ гуп, Урысейм и Журналистхэм я союзым и секретарь Шафир Тимур, Дагъыстэным и Журналистхэм я союзым и тхьэмадэ Камалов Алий, Дагъыстэн Республикэм лъэпкъ политикэмкIэ и министрым и япэ къуэдзэ Ильясов Зикрула, «Дагестанская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ Токболатовэ Бурлият сымэ хэту.**

ХЬЭЩIЭХЭР КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Къэзанш Людмилэ хуэзащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ я щытыкIэр зрагъэлъэгъуащ, Дагъыстэным и журналистикэм зегъэужьынымкIэ я мурадхэр бысымхэм хуаIуэтащ.

«Ди республикэхэм я журналистхэм я зэпыщIэныгъэхэр нэхъ быдэ хъуурэ екIуэкIыну дыщогугъ. Абы и лъэныкъуэкIэ дэ сыт хуэдэ жэрдэмри дэтIыгъынущ», - жиIащ Къэзанш Людмилэ.

Дагъыстэным къикIа гупыр ди республикэм и цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм яхуэзащ. А зэIущIэм Дагъыстэным и Журналистхэм я союзым и унафэщI Камалов Алий «Налшык» жылагъуэ телерадиокомпанием и унафэщI Вэрокъуэ Владимир къыщритыжащ Урысейм и Журналистхэм я союзым и щIыхь дамыгъэр.

ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ Кавказ Ищхъэрэм къыщыдэкI газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэм я клуб къызэгъэпэщыныр, Кавказ Ищхъэрэм щыIэ щIыналъэхэм я журналистхэм я союзхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэныр, журналистхэм я шынагъуэншагъэмкIэ академие къызэгъэпэщыныр, нэгъуэщIхэри. Шафир Тимур зэрыжиIамкIэ, журналистхэм шынагъуэ къатемыгъэхьэным мы зэманым мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы къыхэкIыу зи гугъу ящI академием брошюрэ щхьэхуэхэр къыдэгъэкIыным къыдэкIуэу зыхуэфащэ семинархэри къызэригъэпэщыфынущ.

Журналистхэм я IэщIагъэм хэгъэхъуэнми иджыпсту егугъупхъэщ. Дагъыстэн Республикэм и лIыкIуэхэм зэрыжаIамкIэ, цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъэхъуэну институтыр а щIыналъэм щрагъэтхащ икIи ар дызыхуэкIуэ бжьыхьэм лажьэу хуежьэнущ.

«Дэ хуабжьу ди гуапэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ журналистхэри а институтым накIуэмэ», - жиIащ Дагъыстэным и Журналистхэм я союзым и тхьэмадэ Камалов Алий. Апхуэдэу абы къигъэлъэгъуащ фокIадэ мазэм Мэхъэчкъалэ редактор нэхъыщхьэхэм я клубыр къызэрызэрагъэпэщым теухуа зэIущIэ зэрыщекIуэкIынур икIи абы хэтыну Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и республикэ псоми я лIыкIуэхэр зэрырагъэблэгъар.

**ЩОМАХУЭ Дарье,**
*КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.*



# Къалэн пажэхэм ящыщщ

**● ЗэIущIэхэр**

**Дыгъуасэ КБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Правительствэм и Унэм щыIущIащ КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, министерствэ зэхуэмыдэхэм, спорт IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэм, ехъулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьа спортсменхэмрэ абыхэм я гъэсакIуэхэмрэ.**

ЗЭIУЩIЭР къызэIузыхари езыгъэкIуэкIари республикэм и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Юрийщ**.

- Дэ нобэ дыщIызэхуэсам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр ди республикэм спортым зыщедгъэужьын, ар зэредгъэфIэкIуэн Iэмалхэм теухуауэ дызэчэнджэщын папщIэщ. 2014 гъэм щегъэжьауэ ди республикэм и спортсмени 178-рэ урысейпсо, дунейпсо спорт зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм хэтащ, ахэр 723-рэ текIуащ е увыпIэфIхэр зыIэрагъэхьащ. Абыхэм ядэплъей ныбжьыщIэхэм щапхъэ трах, цIыхухэр спортым дегъэхьэхынымкIэ, гъащIэ узыншэм и телъхьэу псэунымкIэ ар хуабжьу сэбэпщ. Дэри тхузэфIэкI тщIэнущ ди спортсменхэм я ехъулIэныгъэхэр ирагъэфIэкIуэн, абыхэм пащэн папщIэ. Фэрэ дэрэ зэгъусэу делэжьын хуейщ ди республикэм щыщхэм спортымкIэ ехъулIэныгъэ инхэр урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм щаIэн папщIэ. Алыдж-урымымрэ бэнэкIэ хуитымрэ, самбэ, атлетикэ хьэлъэмрэ псынщIэмрэ ди спортсменхэм щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэр зэрыиным куэд щыгъуазэщ. УщымыгуфIыкIын плъэкIыркъым баскетбол, дзюдо, IэпщэрыбанэмкIэ ди спортсменхэм я зэфIэкIыр кIуэ пэтми зэрыхэхъуэм. Ауэ щыхъукIи, и Iуэхур зытетыр кууэ зэпкърытхын, щIапхъэр гъэбелджылын хуейщ. Спорт лIэужьыгъуэу ди республикэм щыпэрытхэм къищынэмыщIа, лIэужьыгъуэщIэу ди щIыналъэм къыщыунэхуахэри гулъытэншэ тщIынкIэ Iэмал иIэкъым. Ахэр къэлъытапхъэщ 2016 гъэм Бразилием Гъэмахуэ Олимп Джэгухэм хэдгъэтыну ди спортсменхэр щыдгъэхьэзыркIэ. Спортым дыщиIэ ехъулIэныгъэхэр тхъумэн, едгъэфIэкIуэн хуейщ. Апхуэдэуи мыхьэнэшхуэ иIэщ спортым нэхъыбэ дегъэхьэхыным, ар ди цIыхухэм я узыншагъэм и къежьапIэщи, жылагъуэм къагурыдгъэIуэныр ди къалэн пэрытхэм ящыщщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, иужьрей илъэсхэм цIыхубэ спортым зыужьыныгъэ нэхъ игъуэтауэ жыпIэ хъунущ. Мы зэманым ди деж спорт школу 50, спорт IуэхущIапIэу 218-рэ щолажьэ. Спортым дихьэхыу ди республикэм цIыкIуми нэхъ балигъми цIыху мин 35-рэ исщ. ЦIыхубэр хэту илъэс къэс ди республикэм Iуэху 250-рэ къыщаIэт. Зи Iэпкълъэпкъым сэкъат иIэхэр спортым къыхэшэнымкIэ хуащI гулъытэми хэхъуащ. Ди республикэм исым и процент 28-р спортым дехьэх. УФ-м спортым зыщегъэужьынымкIэ стратегием 2020 гъэм а бжыгъэр процент 40-м хуэкIуэн хуейуэ къыщыгъэлъэгъуащ. Ди республикэм дежкIэ а бжыгъэри мащIэщ, дэ цIыху нэхъыбэ спортым тхудегъэхьэхыну, ехъулIэныгъэфIхэри къытхуэгъэлъэгъуэну къызолъытэ. ГурыIуэгъуэщ Iэмэпсымэ, спорт хьэпшыпхэмкIэ укъызэгъэпэщауэ щытын зэрыхуейри, абы теухуауэ ди деж щалэжьыр мащIэкъым. Иужьрей гъэхэм ди республикэм спорт IуэхущIапIэ ину 30, футбол щыджэгу губгъуэ зэгъэпэщауэ 10 къыщызэIуахащ. Налшыкрэ Нарткъалэрэ спорт уардэунэхэр щауххуэ. «Урысей зэкъуэт» партым и жэрдэмкIэ узыншагъэр щрагъэфIакIуэ IуэхущIапIэхэр Прималкинское, Анзорей, Дзэлыкъуэ къуажэхэм щауххуэ. Нартан, Гундэлэн, Плановскэ къуажэхэм спорт ухуэныгъэхэм зрагъэужьын папщIэ муниципальнэ щIыналъэхэм ират ахъшэмкIэ зэпэщ ящIащ я спорт IуэхущIапIэхэр. Къапщтэмэ, ди республикэр спорт IуэхущIапIэхэмкIэ хъарзынэу къызэгъэпэща хъуащ, ауэ спорт ухуэныгъэхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ зэманым демыкIужу жьы хъуащ. ЦIыхухэр спортым дегъэхьэхыным теухуа Iуэхухэр щIыналъэ псоми щызэхуэдэу щытыпхъэщ, абыхэм щыпсэу цIыху бжыгъэм емылъытауэ. Абы теухуауэ иджыри куэд длэжьын хуейщ. Псом япэрауэ гъэзэкIуэжыпхъэщ республикэм и щIыналъэхэр спорт IуэхущIапIэкIэ зэрызэхуэмыдэр. Хьэрычэт цIыкIумрэ ику итымрэ а Iуэхум къыхэша зэрыхъуну Iэмалхэм дегупсысын, еджапIэхэм яIэ спорт пэшхэр IэмэпсымэщIэхэмкIэ къызэгъэпэщын хуейщ. ЦIыху нэхъыбэ спортым дегъэхьэхыным сэбэп хуэхъухэм ящыщщ зэхьэзэхуэхэр. Абыхэм нэхъыбэ къыхэшэнымкIэ «Спортыр псом щхьэкIи» дунейпсо зэщIэхъееныгъэм къалэнышхуэ егъэзащIэ. Ди къэралым и Президент **Путин Владимир** зэрыжиIащи, цIыхухэр спортым дегъэхьэхынымкIэ ГТО-м мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Зэман псоми спортсменхэр цIыхухэм щапхъэ яхуэхъуу щытащ. Дэ дыщогугъ ди спортсменхэр, спортым къищынэмыщIауэ, гъащIэм и лъэныкъуэ псомкIи гъэсауэ, щапхъэ зытепх хъуну зыкъагъэлъэгъуэну, - жиIащ КIуэкIуэм.

КъБР-м спортымкIэ и министр **Хъущт Аслъэнбэч** кIэщIу къытеувыIащ ди республикэм ис спортсменхэм я ехъулIэныгъэхэм, мы зэманкIэ яухуэ спорт IуэхущIапIэхэм, нэгъуэщIхэми. Хъущтыр тепсэлъыхьащ я министерствэр зылъахъэу къилъытэ лъэпощхьэпохэм. Абыхэм ящыщщ министерствэм хухах мылъкур КИФЩI-м зэрыщынэхъ мащIэ дыдэр, а щхьэусыгъуэм и зэранкIэ ди щIалэхэр нэгъуэщI республикэхэм я цIэкIэ утыку къызэрихьэр. Министрым и гуапэу къыхигъэщащ Урысейм и Олимп гупым ди республикэм щыщ спортсмен 11 хагъэхьэну къызэрыхуагъэфэщар.

КъБР-м и Парламентым спортымкIэ и комитетым и унафэщI **Къардэн Мурат** гулъытэншэ пщIы мыхъуну къилъытэхэм къытеувыIащ. Абыхэм ящыщщ КъБКъУ-м физическэ щэнхабзэмкIэ и факультетыр университетым хэт институт ящIу, Москварэ Краснодаррэ дэт университетхэм япыщIэн, егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэн, спортым иужьрей зэманым къыхыхьа зэхъуэкIыныгъэхэм, IэмалыщIэхэм хуегъэджэн хуейуэ къызэрилъытэр, етIуанэ Iэмалу Къардэным къыхилъхьахэм ящыщт хьэрычэт цIыкIумрэ ику итымрэ спортым зегъэужьыным къыхэшэныр.

«КъБР-м спортымкIэ и гуп зэгъэуIуахэр щагъэхьэзыр IуэхущIапIэ» КъКIУ-м и унафэщI **Жаным Аслъэн** тепсэлъыхьащ ди республикэм и спортсменхэм хуэфащэ гулъытэ зэрамыгъуэтым и зэранкIэ языныкъуэхэр спортым пэIэщIэ зэрыхъур. Жанымым КIуэкIуэ Юрий лъэIукIэ зыхуигъэзащ Спорт уардэунэм кхъахэ хъуа и унащхьэр зэрахъуэкIыну, абы фIэкIмэ, ар зыгуэрым зэран хуэхъункIэ шынагъуэ зэрыщыIэри къыхигъэщащ.

КъыкIэлъыкIуэу зэIущIэм къыщыпсэлъащ тренер цIэрыIуэхэр, спорт IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр, спортсменхэр.

Псоми едэIуа иужь, КъБР-м и Iэтащхьэм жиIащ абыхэм къагъэлъэгъуа щыщIэныгъэхэр гъэзэкIуэжынымкIэ защIигъэкъуэну зэрыхьэзырыр, зыри гулъытэншэу къызэримыгъэнэнур.

- Ди республикэм и пщIэр IэтынымкIэ спортсменхэм фи зэфIэкI фызэремыблэжым папщIэ фIыщIэ ин фхуэсщIыну сыхуейт, фэ ди щIэблэм фыращапхъэщи, фи ехъулIэныгъэхэм дяпэкIи къыкIэлъыкIуэну дыщогугъ. Ди цIыхухэм я гупэр спортым хуагъэзэнымкIэ дадэIэпыкъуну фэрэ дэрэ ди къалэнщ, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**



*Сурэтыр* **Каюдин Евгений** *трихащ.*




## Гъунапкъэхэр нэхъри ягъэбыдэ

**Донбасс щIыналъэм щытыкIэр зэрыщыткIийм къыхэкIыу УФ-м нэхъри егъэбыдэ урысей-украин гъунапкъэхэр.**

Апхуэдэу жиIащ Урысейм и ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ IуэхущIапIэм и унафэщI армэм и генерал Кулишов Владимир. Урысей Федерацэр а Iэмалым хуекIуэн хуей щIэхъуам щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэщ. Абыхэм ящыщщ гузэвэгъуэм кърихужьауэ Украинэм къиIэпхъукI цIыху мамырхэм зыхагъэпшахъуэу, УФ-ми щытыкIэр щызэIызыгъэхьэфыну экстремист зэгухьэныгъэхэм ящыщхэри ди щIыналъэм къихьэфынымкIэ, ардыдэхэм Iэщэ кърашэнымкIэ щыIэ шынагъуэм зэрыхэхъуар.

«Украинэм и ипщэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэм зауэ зэрыщекIуэкIым дригъэувэлIащ ди гъунапкъэр нэхъри гъэбыдэным хуэгъэза лъэбакъуэхэр тчыным», - жиIащ Кулишовым.

Нэхъ пасэу зэрыжаIамкIэ, и гъунапкъэм декIуэкIыу километри 100 зи кIыхьагъыу щIыр щыдитIыкIащ Урысейм, километр 40 и кIыхьагъыуи инженернэ бжыхь лъэщхэр щагъэуващ.

## ДяпэкIи зэдэлэжьэным и телъхьэу

**Италием экономикэмрэ финансхэмкIэ и министр Падоан Пьер Карло и телъхьэщ Урысей Федерацэмрэ я къэралымрэ яку дэлъа зэхущытыкIэхэм хуэкIуэжыным.**

Абы къыхигъэщащ Урысеймрэ Европэмрэ я экономикэхэр икъукIэ быдэу зэпыщIауэ, жыпIэнурамэ, зэхэухуэнауэ зэрыщытар икIи ЕС-м игъэува санкцэхэр щхьэщахыжу а зэдэлэжьэныгъэхэм пащэжыну зэрыщыгугъыр.

«Европэ къэралхэм, абыхэм Италиери яхэту, я IуэхущIапIэ куэд дыдэ Урысейм зэрыщылажьэр псоми ящIэ. Иужьрей зэманым щыIэ хъуа щытыкIэ гугъум и зэранкIэ куэдкIэ нэхъ мащIэщ абыхэм фейдэуэ яIэр, уеблэмэ языныкъуэ компаниехэри зэхуащIыжын хуей хъуащ. А псом нэхъри нэрылъагъу къащI Италиемрэ Урысеймрэ я зэхущытыкIэхэр ефIэкIуэжыным лъэныкъуитIми ди сэбэп зэрыхэлъыр. Сэ икъукIэ сыщогугъ санкцэхэр УФ-м мыгувэу щхьэщахыжыным, езы къэралми абыхэм я жэуапу къищтауэ щыта унафэхэр зэрихъуэкIыжыным», - къыхигъэщащ министрым.

## НОБЭ

**♦ООН-м и мамырщIэкъу къарухэм я дунейпсо махуэщ**

**♦Европэм щагъэлъапIэ зэгъунэгъухэм я махуэр**

**♦Дзэ автомобилистым и махуэщ**. УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и унафэкIэ 2000 гъэ лъандэрэ ягъэлъапIэ.

**♦ГъущI зэпызыгъавэм и махуэщ**

**♦Урысейм и таможнэ къулыкъум и ветеранхэм я махуэщ**

**♦Къыргъызстаным IэщэкIэ ЗэщIэуззэда и Къарухэм я махуэщ**

♦США-м и 35-нэ президент **Кеннеди Джон** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦Литературовед, критик цIэрыIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и вице-президент, Къэрэшей-Шэрджэсым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Бэчыжь Лейла** къыщалъхуа махуэщ.

♦УФ-м и цIыхубэ артист **Абдулов Александр** къызэралъхурэ илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс усакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, хэхэс адыгэхэм я литературэр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа **Абдокъуэ Маринэ** къыщалъуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 18 - 22-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Уи хьэщIэри гъафIэ, уи къуэшри фIыуэ лъагъу.**

# Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэвдз

2015 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм кърагъэхьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIрагъэдз «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал IуэхущIапIэм и къудамэу КъБР-м щыIэм и пощт IуэхущIапIэ псоми.

Республикэм и пощт лэжьакIуэхэм цIыхухэм Iэ зыщIадза газетхэмрэ журналхэмрэ и зэманым къриубыдэу унагъуэхэм хуахьынущ е ахэр пощтым и IуэхущIапIэхэм къыщеIызыхыжыну хуейхэм апхуэдэ Iэмал иратынущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэдзыным пыщIа Iуэхухэм фэ нэхъ зэпкърыхауэ щыгъуазэ зыщыфщI хъунущ пощтым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

***«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал IуэхущIапIэм и къудамэу КъБР-м щыIэ.***

# ХьэрычэтыщIэхэм зэрадэIэпыкъуну щIыкIэхэр яубзыху

**Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министерствэм щекIуэкIащ щIыналъэм хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ зыщегъэужьыным теухуа зэIущIэ, «Опора России» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэр кърихьэлIэу. Абы хэтащ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министр Кузнецов Лев, «Опора России» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и президент Калинин Александр сымэ.**

КУЗНЕЦОВ ЛЕВ къыщыпсалъэм къигъэлъэгъуащ хьэрычэт IэнатIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хиубыдэ щIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ хэкIыпIэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр икIи абыхэм защIэгъэкъуэным теухуауэ зэIущIэм къыщыхалъхьахэр зэрыдиIыгъыр.

«Зи гугъу тщIы дэIэпыкъуныгъэхэр икIэщIыпIэкIэ къызэгъэпэщыпхъэщ икIи абыхэм ящыщ языныкъуэ Iуэхухэр дызэрыт илъэсым зэфIэгъэкIын хуейщ. Апхуэдэщ Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэфIэзыгъэкI хьэрычэт IэнатIэм пэрыувагъащIэхэм зэман пыухыкIакIэ налогхэр ящхьэщыхыныр, къэрал е муниципальнэ мылъкуу щыт псэуалъэу, ухуэныгъэу хьэрычэт IэнатIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ бэджэнду яIыгъхэр къыщащэхужкIэ ахъшэр илъэси 7 пIалъэм тегуэшауэ егъэтыныр, апхуэдэ хьэрычэт IуэхущIапIэхэм кIэлъыплъыныгъэ-къэпщытэныгъэ Iуэхухэр илъэси 3-кIэ щрагъэкIуэкIыну хуит мыщIыныр», - къыхигъэщхьэхукIащ министрым.

Нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм ящыщу абы къигъэлъэгъуащ нэхъ мащIэ дыдэу щыт щIыхуэу банкхэм ятхэр сом мелуани 3-м, ахэр зэрапшыныжыну пIалъэр илъэси 3-м нэгъэсыныр.

*УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

**● Аруан щIыналъэ**

# Гъатхасэр яух

**Аруан районым гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр и кIэм щынэблэгъащ.**

СТАРЭ ШЭРЭДЖ къуажэм и бэджэндырылажьэ 415-м гектар мини 3-м нэс яIыгъщ. Мы зэманым лэжьыгъэр хъарзынэу къезыхьэлIэхэм хабжэ Уэзрокъуэ Рустам. Куэд щIакъым абы нащэу 1 гектар зэрыхисэрэ. Ар игъащIэ лъандэрэ къызэрекIуэкI мардэхэм тету ягъэкIынущ.

Илъэсийм нэблэгъауэ нартыху гъэкIыным йолэжь щIыуэ гектари 4 зыIыгъ КIуащ Хьэутий. Абы езым и техникэ зэримыIэм къыхэкIыу, къилъэIухуэн хуей мэхъу. Аращ гъатхасэр щIигъэгувар. Илъэс блэкIари Хьэутий дежкIэ тыншауэ пхужыIэнукъым: зы гектар закъуэм хуэзэу ирищIылIа агротехникэ лэжьыгъэхэм тригъэкIуэдар къыщIихыжыфакъым. Мы гъэм и лэжьыгъэр псы хэкIуадэ мыхъуну мэгугъэ. КIуащыр езыр губгъуэ лэжьыгъэм фIыуэ щыгъуазэ цIыхущ, илъэс 43-кIэ колхозым хэтащ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

**● Бахъсэн щIыналъэ**

# Иджырей пщалъэхэм къотIасэ

**Кыщпэк къуажэм сабий гъэсапIэ щаухуэ. НыбжьыщIи 140-рэ зэкIуэлIэну унэр зы къатрэ къатитIу зэхэтщ. Япэм административнэ, хозяйствэ Iуэхухэр щызэрахьэнущ, медпунктыр щылэжьэнущ, етIуанэм гимнастикэмкIэ, музыкэмкIэ пэшхэр, гупиплIым тещIыхьа жеипIэхэр, джэгупIэхэр, санузелыр хэтынущ.**

ПРОЕКТЫР санитар, шынагъуэншагъэ пщалъэхэм сыт и лъэныкъуэкIи къотIасэ. ПщэфIапIэр ерыскъыр абы зэрыщагъэхьэзырыжынум хуагъэпсынущ. Пэш псори иджырей Iэмэпсымэхэмрэ унэлъащIэхэмрэ зэрыщагъэувынум хуэщIауэ яубзыхуащ.

- Компартым и правленэр зыщIэса унэмрэ школым къыщызэIутха гупхэмрэ ныбжьыщIэ щитIым нэблагъэ щытIыгъми, иджыри сабии 100 чэзум поплъэ. УхуэныгъэщIэр зэфIэкIмэ, абы и лъэныкъуэкIэ апхуэдэ гугъуехь диIэжынукъым, - жеIэ гъэсапIэм и унафэщI Шэрджэс ХьэIишэт.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ Кыщпэк къуажэм и сабий садым и гъэсэнхэм зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэфIэкI къызэрыщагъэлъагъуэр. «ПщIантIэ цIыкIу нэхъыфI» район зэхьэзэхуэм ахэр нэгъабэ щытекIуащ.

ЩIыналъэм ухуэныгъэмкIэ, архитектурэмрэ ЖКХ-мкIэ и IэнатIэм и унафэщI Ует Анатолэ къызэригъэлъэгъуамкIэ, республикэ бюджетым щыщу сом мелуан 81-рэ а Iуэхум хухахащ. УхуэныгъэщIэр мы гъэм и кIэм ятыну я мурадщ.

**ЧЫЛАР Аринэ,**
*Бахъсэн район администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.*

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэр 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-10-хэм къриубыдэу къекIуалIэ цIыхухэм зэрахуэзэнур

| Махуэр | Зэманыр | ЦIыхухэм яхуэзэнур | Телефонхэр |
|---|---|---|---|
| Мэкъуауэгъуэм и 1-м | Сыхьэти 10-13-хэм<br>Сыхьэт 14-17-хэм | Шэшэн МуIэед Гъумар и къуэр<br>Дзасэжь Хьэзрэталий Уэлий и къуэр | 77-28-44<br>77-27-46 |
| Мэкъуауэгъуэм и 2-м | Сыхьэти 10-13-хэм<br>Сыхьэт 14-17-хэм | Котляревэ Марие Абрам и пхъур<br>Сэхъурокъуэ Хьэутий Хьэзрит и къуэр | 77-27-46<br>77-28-44 |
| Мэкъуауэгъуэм и 3-м | Сыхьэти 10-13-хэм<br>Сыхьэт 14-17-хэм | Къаскъул Владимир ФуIэд и къуэр<br>Болэт Арсен Хьэбыж и къуэр | 77-27-46<br>77-28-44 |
| Мэкъуауэгъуэм и 4-м | Сыхьэти 10-13-хэм<br>Сыхьэт 14-17-хэм | Беловэ Наталье Сергей и пхъур<br>Абшаев Магомет ТIэхьир и къуэр | 77-27-46<br>77-28-44 |
| Мэкъуауэгъуэм и 5-м | Сыхьэти 10-13-хэм<br>Сыхьэт 14-17-хэм | Тхьэзэплъыж Мурат ТIулэ и къуэр<br>Кульбаев СулътIан Мухьэжыр и къуэр | 77-27-46<br>77-27-46 |
| Мэкъуауэгъуэм и 8-м | Сыхьэти 10-13-хэм<br>Сыхьэт 14-17-хэм | Этчеев Музэфар Шарабудин и къуэр<br>Маслов Николай Александр и къуэр | 77-27-46<br>77-28-44 |
| Мэкъуауэгъуэм и 9-м | Сыхьэти 10-13-хэм<br>Сыхьэт 14-17-хэм | КхъуэIуфэ Хьэчим Хьэбас и къуэр<br>Хьэгъэжей Беслъэн Хьэузин и къуэр | 77-27-46<br>77-27-46 |
| Мэкъуауэгъуэм и 10-м | Сыхьэти 10-13-хэм<br>Сыхьэт 14-17-хэм | Целоусовэ Анусэ Азэмэт и пхъур<br>Мэзло Руслан БетIал и къуэр | 77-27-46<br>77-28-44 |

Жылагъуэ палатэм и унафэщI **Чеченов А. А.** зи щхьэ IуэхукIэ къекIуалIэхэм яхуозэ бэрэжьей къэс сыхьэти 10-13-хэм къриубыдэу (нэхъ пасэу зрагъэтхын папщIэ 77-69-93 телефонымкIэ мэпсалъэ)

Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэхэр цIыхухэм яхуозэ:
**Федченкэ Л. М.** - гъубж къэс сыхьэт 14-16-хэм къриубыдэу (телефоныр: 72-07-80);
**Жаным Р. М.** - бэрэжьей къэс сыхьэт 14-16-хэм ( телефоныр:77-69-93).

# Зауэм и Iэужь дыджыр

**ЦIыхупсэ куэд зыIэщIилъхьащ зауэ гущIэгъуншэм. Абы и Iэужь дыджым и жьыр зыщIихуахэри нэхъ мащIэкъым.**

ЛУЩ ХЬЭПIАТI ХьэкIашэ и къуэр, адрей мэкъумэшыщIэхэми хуэдэу, лажьэрэ шхэжу зауэм и ипэ илъэсхэм унагъуэ дахэу псэурт. И щхьэгъусэ КIуцэрэ езымрэ я щIалэ закъуэ МэчрэIил зэдапIырт, гъащIэм и фIыгъуэ инхэм щагъэгугъыу. АрщхьэкIэ зэщхьэгъусэхэр зыщIэхъуэпсауэ хъуар а зауэ гущIэгъуншэм къызэпиудащ. Абы ихьари езы ХьэпIатI и закъуэкъым: 1945 гъэм лагъым къэуэжам и къутахуэм ажал къыхуихьащ и щхьэгъусэми. А щIыкIэм тету МэчрэIил зеиншэ дыдэу къэнауэ щытащ.

МэчрэIил къызэриIуэтэжымкIэ, и адэр бронкIэ къагъэнэну хущIэкъуат, арщхьэкIэ, езым яхуимыдэу, лIыгъэкIэ фронтым яфIыдэкIауэ щытат. Абы щIыгъуащ и къуэш Исмэхьили. Ари, хъыбарыншэу кIуэдащ .

Благъэ-Iыхьлым я нэIэ къытетми, мэжаджэ Iыхьэ къэзышийм и IуэхутхьэбзащIэу МэчрэIил заулкIэ псэуащ. Иужьым, Ботэщей къыдишри, Мэртэзей жылэ щыпсэу и анэ шыпхъу Гъуэныбэ Дыщэхъан, зыбгъэдишэжащ. Дыщэхъан езым щIалэ имыIэу пхъуиплI ипIу арати, МэчрэIил и анэ шыпхъум къуэ папщIэ, ипхъуухэм дэлъху яхуэхъуащ. «Си анэ шыпхъур хуабжьу цIыхуфIт икIи гущIэгъулыт,- игу къегъэкIыж МэчрэIил. - И Iум илъыр кърихрэ сигъэшхыу жыпIэну сипIащ, анэ дыди схуэхъуащ. БалигъыпIэ сиувэхуи сыбгъэдэсащ, иужькIи, псэухункIэ и нэIэ къыстригъэт зэпыту щытащ. Сыхуэарэзыщ си анэ шыпхъум, жэнэтыр унапIэ хуэхъуауэ Тхьэм къыщIигъэкI!»

И ныбжьирикъури, МэчрэIил дзэ къулыкъум ираджащ. Армэ нэужьым, унагъуэ хъури, Тырныауз Iэпхъуащ, шахтэм щылэжьэну. Абы щыIэхукIи и анэ шыпхъури и шыпхъу цIыкIухэри ибгынакъым МэчрэIил. ЩIэх-щIэхыурэ къэкIуэжурэ илъэгъуащ, и шыпхъуухэр унагъуэ щихьами хузэфIэкIымкIэ ядэIэпыкъуащ. Езыхэми ар зэхамыщIыкIауэ щыткъым.

МэчрэIил цIыкIуами ещIэж, и адэр щыдашар. Ар иримыгъэлъагъуну пщIантIэм и анэм диубыдат. ИтIани, зыIэпиудри, кIэлъыгъыурэ кIэлъыжат. А теплъэгъуэ гукъутэр нобэми и нэгум щIэтщ абы. И адэр здекIуэлIэн хуей сельсоветым нэс кIэлъыжэри, и лъакъуэхэм гъуэгыурэ зыщIидзауэ щытат. Аращ иужьрейуэ и адэр щилъагъужари...

Сабиигъуэ гуэри МэчрэIил иIакъым - дуней зэхэзэрыхьам и нэпкъыжьэ ин абыи телъащ. Псори хуабжьу гугъу щехь зэманти, МэчрэIили колхоз губгъуэм итащ, хузэфIэкI илэжьу. ВыкIэ вахэми яхэтащ, пщIакIуэ, псыщIэгъэлъадэ жыпIэми, и анэ шыпхъум и бгъуэщIым иту, и гуащIэ ин мэкъумэш лэжьыгъэм иритащ. Зауэ нэужь гъаблэ - гъейм мыхэри ихьыну къыщIэкIынт, и анэ шыпхъум щызришэлIэжым, и анэ тхьэмыщкIэр фIыуэ зэрылэжьам папщIэ правленэм кърита жэмыщIэ цIыкIур здимышэжауэ щытамэ. Гъэшым къуэлIыкIакъым унагъуэр, мыдэкIэ жьэм Iурыплъхьэ хъухэу щIэрыкIуэ, хьэбыкъуэ, шыпсыранэ, вэдз жыхуэпIэхэми кърикъуэлащ гъейм.

МэчрэIил фIыкIэ игу къигъэкIыжхэм ящыщщ гущIэгъушхуэ хэлъу къуажэ цIыхум яхэта, иджыри щIалэ цIынэу зи жьауэ щIэхуауэ щыта, адыгэлI щэджащэ Гувэжокъуэ ТIытIэ. ТIытIэ колхозым и председателу, Балъкъэр Балуш я звеноводу МэчрэIил абыхэм я гъукIэгъэсэну щытати, а лIитIым ядилъэгъуа цIыхугъэмрэ гущIэгъулыныгъэмрэ я инагъыу щытар нобэми хуэIуэтэщIыжыркъым. Псалъэм папщIэ, армэм дашыну езымрэ и ныбжьэгъу цIыкIумрэ повесткэ къащыхуэкIуам, ТIытIэ правленэм тIури ириджэри, хьэжыгъэ къэп, джэдипщI, фо, хугу, дагъэ яхуригъэтхауэ щытащ, зэхэс тIэкIу иращIыну. КъыщыкIуэжахэми гулъытэншэ ищIакъым.

МэчрэIил езыр и ныбжькIэ иджы илъэс 80-м щIигъуащ. Ауэ нобэр къыздэсым и адэр къэкIуэж фIэщIу зауэ нэужь илъэсхэм гъущI гъуэгум куэдрэ зэрыкIуар и гум имыхуауэ илъщ. А гукъэкIыж дыджыр къыщыдэкIуеижкIи и нэпсхэм къызэпажыхь. Зауэм и Iэужь бзаджэр дунейм бауэу тетыхункIэ абы зэи щыгъупщэнукъым.

**ЗЭРАМЫЩIЭ Маринэ.**

# Ноби ди гум щопсэу

**Хэку зауэшхуэм и зэманым ди щIыналъэр яхъумащ къикIуэт зымыщIэ хэкулIхэм. ЩыIэкъым зы унагъуи, а насыпыншагъэм ижь зыщIимыхуа, фIыуэ илъагъу цIыху зыIэщIимыха. Ди унагъуэми къылъэIэсащ Хэку зауэшхуэм и гуауэр.**



Щоджэн Нану ипхъухэу Тамарэрэ *(ижьымкIэ)* Феняпрэ я гъусэу.

ДЫЗЭРЫЦIЫКIУРЭ долъагъу ди анэшхуэ Щоджэн Тамарэ Нану ипхъум накъыгъэм и 9-м нэщхъей къызэрыхъур, и нэпсыр зэрыхуэмыубыдыр. Илъэс къэс абы и гущIэм щегъеиж и адэр. Абы и хъыбар къытхуэIуэтэж щыжытIэм, дыщIигъэдэIуаращ фызыщыдгъэгъуэзэнур.

- Си адэ Хьэмыз Нану къуажэ школым егъэджакIуэу щылэжьэн щIидзащ щIалэ дыдэу. И IэнатIэм илъэсибгъукIэ псэ хьэлэлкIэ пэрытащ. ЩIалэ набдзэгубдзаплъэм гу къылъатэри, Дзэлыкъуэ районым щыщ Дзэлыкъуэдэс къуажэм и «Гъуэгуанэ нэху» колхозым и парт организацэм и секретару ягъэуващ. Къуажэдэсхэм я псэукIэр ефIэкIуэн папщIэ лэжьыгъэшхуэхэр иригъэкIуэкIыну и мурадт, егъэджэныгъэм, мэкъумэш IэнатIэм зауэжьыным и гуащIэ хилъхьэрт. Ауэ зауэ гущIэгъуншэр къэхъеящ, - жеIэж ди анэшхуэм, и нэпс къыфIекIуар илъэщIыжурэ.

Мэкъуауэгъуэм и 22-р тхьэмахуэ махуэт. Партым и Дзэлыкъуэ райкомым ди къуажэ Советым къыхуиIуэхуащ Германиер къызэрыттеуам и хъыбар. Махуищ докIри, Хьэмыз Нану къулыкъум ираджэ. «Ди унагъуэм дежкIэ гузэвэгъуэшхуэт а махуэр» ,- жеIэж ди анэшхуэ Тамарэ.

Мэкъуауэгъуэм и 26-м Нану зауэм кIуащ. Абы и щхьэгъусэ Куслъуми и бынхэми ягу къэкIыртэкъым игъащIэкIэ ар ямылъагъужыну. Абы щыгъуэ Нану иIэт хъыджэбзитIрэ (Тамарэрэ Феняпрэ) IэплIэтес щIалэ цIыкIурэ (Мущтэфа).

Загорск деж щагуэшри, Нану зыхэт коммунист гупыр яхэхуащ бийм япэу IущIахэм.

«Иджыпсту фронтым дыIуохьэ. Сэ си гъусэщ Малкэ щыщ Хьэжнэгъуей ХьэцIыкIу, Дзэлыкъуэкъуажэ щыщ Амщыкъуэ Iэдэм, Къармэхьэблэ щыщу Къалэжьокъуэхэ я щIалэ. Алыхьым жиIэмэ, дэ тщыщ зыгуэрым мыгувэу нигъэзэжынщи, си хъыбари къыпIэрыхьэнщ. Сабийхэр хъумэ, письмо ежьэ...»,- къыхуитхауэ щытащ Нану и щхьэгъусэ Куслъум.

Ди къэралым и дежкIэ а илъэсыр хьэлъэ дыдэт. Совет цIыхухэм лIыгъэ щагъэлъагъуэрт зэуапIэми лэжьапIэми. Куслъум и быныр ипIырт, колхозым щылажьэрт. Фронтым дэкIа зауэлIхэм я щхьэгъусэхэм гуэдзыр Iуахыжт, хьэжыгъэ ящIырти, щIакхъуэ ягъажьэурэ зауэлIхэм хурагъашэрт. Зы махуэ гуэрым щхьэлым иралъхьа гуэдзым щыщ хьэдзэ зыбжанэ къэлъэйщ, Куслъум и нэм къыщIэхуэри, и нэ лъэныкъуэм имылъагъуж хъуащ. Ауэ бзылъхугъэм лэжьэн щигъэтакъым: цы иджырт, щыгъын хуабэхэр зэрихъэрти, ахэри фронтым ирагъашэрт. Куслъум и фIэщ хъурт ТекIуэныгъэ къызэрытхьынур. Нану и тхыгъэ кIапэ ежьэрт жэщи махуи. Ежьащ зауэр иухыхукIи. Зауэр иухри, илъэс зыбжани дэкIыжат, ауэ щхьэгъусэр иджыри ежьэрт зауэлIым. Куслъум щIилъхьэжащ Нанурэ абырэ зэдагъуэта щIалэ цIыкIури... ИтIани и гур имыухыжыпауэ Нану ежьэрт.

- Шынагъуэщ а зэманыр уи нэгу къыщIэбгъэувэжыныр, - жеIэ ди анэшхуэ Тамарэ, - ЩIыIэм дисырт, дымэжэщIалIэт, итIани дыгугъэрт. Ди дэлъху цIыкIур сымаджэ хьэлъэ хъуат, дэ абы дызэреIэзэн диIэтэкъым... Ар сыту гукъутэт.

Зауэ нэужь зэманхэр хьэлъэт. Куслъум тегужьеикIауэ ипIырт и хъыджэбзитIыр, я адэм и гугъу яхуищIырт. Абы щIэныгъэ ярigъэгъуэтащ Тамари Фени. И гуащIэ еблэжакъым сабийхэр адэм хуэфащэу игъэсэн папщIэ.

- ЛIыхъужьым и бынхэр зэрагъасэм хуэдэу дигъэсащ ди адэм и фэеплъыр зыхъумэ ди анэм. Дэри дыхуиттэкъым абы и щIыхьым дебэкъуэну, - жаIэж зэшыпхъухэм.

Куслъум и гъащIэр иухыху ежьащ Нану теухуа хъыбар кIапэ нэхъ мыхъуми къыIэрыхьэну. Ар 1998 гъэм илъэс 83 ныбжьым иту дунейм ехыжащ. Нану ягъеижащ и бынунагъуэшхуэм. Тамарэрэ Феняпрэ бын плIырыплI ягъуэтащ, къуэрылъху-пхъурылъхухэр, абыхэм я быныжхэр яIэщ. Зэшыпхъухэм я унагъуэхэр щопсэу Налшык. Быныр хуэфащэщ ТекIуэныгъэ Иным щIэзэуа адэмрэ мыдэкIэ щылэжьа анэмрэ я щIыхьым.

Хьэмыз Нану хабжэ хъыбарыншэу кIуэдахэм. Абы теухуа хъыбархэр дэ ноби зэхудохьэсыж. Ар ди гум, ди псэм щопсэу, зэрехьэ Хэкум и къыщхьэщыжакIуэ цIэ лъапIэр.

**ХЬЭМЫЗХЭ Нанурэ Куслъумрэ** *я къуэрылъху-пхъурылъхухэр, абыхэм я бынхэр.*

**● Дэ къытхуатх**

# Анэшхуэм и IэфI

**Анэшхуэм и Iэпэр иIыгъыу къэхъуа зы цIыхуи щыIэу къыщIэкIынкъым, абы дилъэгъуа IэфIыгъэмрэ гуапагъэмрэ «гъащIэ гъуэмылэу» къызыдезымыхьэкI. Сэри сащыщщ анэшхуэм и дунеймрэ и щапхъэ дахэмрэ гъуазэ нэс зыхуэхъуахэм.**



Щхьэумэжьхэ Алийрэ Чэзибанрэ.

ЗИ ТЕПЛЪЭР ноби си нэгум щIэмыкI си нанэ дыщэр (нэгъуэщIу абы седжэфынукъым) Щхьэныкъуэхэ япхъут, Щхьэумэжьхэ я нысэт. Чэзибант зэреджэр. Абы и сабиигъуэр революцэ нэужь лъэхъэнэ гугъум хиубыдащ. 1894 гъэхэрт ар къыщалъхуар. И балигъ хъугъуэри нэхъ тыншакъым. Къэжэпхъа къудейуэ ар иратыжат и шыпхъу нэхъыжь дунейм ехыжам и щхьэгъусэм - Щхьэумэжь Алий. Ар апхуэдэу щIащIам и щхьэусыгъуэри мырат: лъэпкъитIыр благъэ зэрызэхуэхъурэ, пщIэшхуэ яку дэлъу, фIыуэ зэрылъагъуухэу къызэдэгъуэгурыкIуэрт. Гузэвэгъуэр къащытепсыхэм, адэкIи зэфIэмыкIуэдыжын хуэдэу япхъу нэхъыщIэр иратыжат, зэгурыIуэхэри.

Чэзибан Щхьэумэжьхэ ядэкIуа нэужь, пхъуитI яхуигъуэтащ. Ар зи пIэм иува и шыпхъу нэхъыжь тхьэмыщкIэм бын иIатэкъым... Унагъуэр хъарзынэу псэун щIадза къудейуэ, и щхьэгъусэр бынунэм трачри, ягъэтIысащ икIи ар яшащ ягъэкIуар къыздимыкIыж Соловки щIыпIэ Iейм. Абы щыгъуэ 1939 гъэр екIуэкIырт, зэрыфщIэщи, лажьэ зимыIэ цIыху хей куэдыр, я хьэпIишхыпIи ямыгъуэтыжу ягъэкIуэдырт.

Илъэси 10 тутнакъыу зытралъхьа Алий илъэсий дэкIри къаутIыпщыжащ, фIы фIэкIа зэрыдамылъэгъуам къыхэкIыу. АрщхьэкIэ апхуэдэу кърихьэкIа абы и насыпым куэдрэ щагъэгуфIыкIакъым - етIуанэу дашри ягъэтIысыжащ. Абы щыгъуэм ещанэ хъыджэбз нэхъыщIэ цIыкIур, Сакинат, сабий цIынэу къэнат. Ар щыдашыжым «сыкъэвмылъыхъуэ, сэ къэзгъэзэжынукъым», - жиIат.

Щхьэумэжь Алий бзэуэ 7 ищIэрт. Дин, лъэпкъ хабзэхэм фIыуэ хищIыкIырт. Абы бгъэдэлъ щIэныгъэм и фIыгъэкIэ си анэшхуэ Чэзибани а Iуэхугъуэхэм кууэ хищIыкI хъуат. Къапщтэмэ, сэ нобэр къыздэсым сохъумэ апхуэдизу фIыуэ слъэгъуа си анэшхуэм псэуху итхауэ щыта тетрадыр. Абы итщ ди лъэпкъ хабзэм щыщ едзыгъуэхэр, езыр гъащIэм зыщрихьэлIа лъэпкъ Iуэху зехьэкIэхэр, нэгъуэщIхэри. Си анэшхуэм гугъуехь Iэджэ игъэващ икIи къэпсэуащ быныр дэнэ къэна, быным я быныжхэми къыттеубгъуауэ.

Си анэр Чэзибан ипхъу нэхъыжь Лолэт. Сэ дунейм сыкъытехьэным зы махуэ фIэкIа имыIэжу, си адэр тхэкIащ. Апхуэдэу Iуэхур щыхъум, си анэшхуэм сызэриубыдылIэжри, нэхъыбэу сызыпIар аращ. Ноби си нэгум щIэтщ абы и теплъэ лъагъугъуафIащэр и псэлъэкIэ дахэр, къытхуиIа гумащIагъэмрэ къыддишэча гугъуехьхэмрэ. Си ныбжьыр здынэсам согъэщIагъуэ, анэшхуэхэм пщIэ хуамыщIу е IэщIыб ящIу щыслъагъукIэ. Анэшхуэм нэхъ IэфI хэт щыIэн!?

Дыщыпсэу Бахъсэненкэ къуажэм си анэшхуэр фIыкIэ къэзымыцIыху дэсакъым. Ар хэткIи Iэщабэ-Iущабэт, хьэблэм я чэнджэщэгъу нэст. Жылэм Iуэху къыщаIэтын хуей хъуамэ, япэу и цIэр къраIуэрт - апхуэдизкIэ цIыху Iущт, цIыхуфIти.

Хьэблэ щыхъукIэ Iэджэ щокIуэкI. ЦIыхуитI зэщыхьамэ, абыхэм я дэтхэнэри япэу къыздэкIуэр нанэ и дежт икIи лъэныкъуитIри зримыгъэкIужауэ етIысэхынутэкъым.

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм си нанэ Чэзибан, езым хуэдэ адрей къуажэдэсхэми хуэдэу, гугъу ехьащ. Зи щхьэгъусэр ягъэкIуэда фызабэм дежкIэ гуимыхужт а лъэхъэнэри: ар хэтащ тыл лэжьыгъэ псоми, ирехъу ар колхозым и къэIэтыжын, нэмыцэхэр жылагъуэм зэрыдэса мазитIым зэтракъутахэр зэгъэпэщыжын, нэгъуэщIи.

- Бий зэрыпхъуакIуэхэр КъэсейхьэблэмщитIысыкIауэ дэст. Ди зауэлIхэр абыхэм къахэуэну зыщагъэхьэзырым и деж, дэ хъыбар щэхуу къыдагъащIэрти, ТыжьейкIэ дыкIуэрт,- жиIэжырт си анэшхуэм. Псом хуэмыдэу абы куэдрэ игу къигъэкIыжырт нэмыцэхэм ящIыгъуу къуажэм къыдыхьа румынхэм зэхащIыхьу зрихьэлIа Iуэхугъуэхэр. - Махуэ гуэрым абыхэм ящыщ сэлэтитI пщIантIэм къыдыхьэри, си джэдхэр зэщIакъуащ. АрщхьэкIэ а къащтар яфIэмащIэу иджыри къыщыдэбгъэрыкIуэм, плъэри, нэмыцэ сэлэтитI къакIуэу ялъэгъуащ. Къаубыдауэ яIыгъ джэдхэр абдежым занщIэу зыIэщIагъэхужри, зыри ямыщIам хуэдэу дэжыжахэт. Арати, модрейхэм я фIыгъэкIэ ди джэд тIэкIури къытхуэнэжащ...

**БАТЫРГЪЭ Хьэбил.**
*Бахъсэненкэ къуажэ*

**● ГукъэкIыжхэр**

# Дымыгъэвар укIуэдыж

**Сэлам гуапэ фызох! «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэхэм фи пащхьэ нислъхьэну сыхуейт мы Iэрытхыр. Мыр си адэшхуэ Къуэдзокъуэ ТIутIэ итхыжащ. Сабийуэ и адэр зауэм хэкIуэдащ. Езыр быным я нэхъыжьу къанэри, гугъуехь куэд илъэгъуащ. И гукъеуэр къыщиIуатэ тхылъымпIэ къигъуэтыжауэ щытащ. Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 70 щрикъу гъэм сыхуейт мы тхыгъэр хэIущIыIу сщIыну:**

ХЭТ къытхуеяр? Мы дунейм теткъым дэ къытхуея. Дэ, зи адэр зауэм хэкIуэда сабийхэм, зауэ нэужьым ди фэ дэкIар куэдым къагурыIуэнукъым. Дэ псоми дыхуэныкъуащ: адэм и псалъэ IэфI зэхэтхакъым, ди щхьэфэм Iэ къыдэзылъэн дгъуэтакъым. Дэ псоми дыхуэныкъуащ... Дэ дыхуитакъым мэзым дыщIыхьэну, губгъуэм дихьэу щхьэмыж къэтщыпыну.

Зэгуэрым къуацэ IэплIэ къуажэ гупэм нэс IэжьэкIэ къэслъэфауэ участковэр къызбгъэдыхьэщ. Iэжьэ цIыкIур Iэ лъэныкъуэкIэ стрихщ, мафIэ щIидзэри, джыди, кIапси къыхызимыгъэхыу игъэсащ. Унэм сыздэкIуэжам пхъэ гъэсын зыри диIэтэкъым. Си анэмрэ си шыпхъумрэ нартыху бзийр гъубжэкIэ зэпаупщIырт. Хьэкущхьэм пIэ щысхуащIри сыкъагъэхуэбэжащ. Дэ унагъуэм а жэщым бэлыхьу ттелъам дрикъунт дыпсэуху, нэгъуэщI дымылъэгъуами. Ауэ ди гъащIэр и кIыхьагъкIэ апхуэдэуэщ зэрытхьар.

Зауэр щекIуэкIым дысабиями, иджы жьы дыхъужащ. Ауэ усабийуэ плъэгъуар зэи пщыгъупщэнукъым. Куэд ди нэгу щIэкIащ дэ. Заемыр къежьэри - нэхъ Iеижт. Зэгуэрым си анэр махуэ псом колхоз губгъуэм итауэ пшапэр щызэхэуэм къыдыхьэжат. ШхапIэ ирамыту зэрыунагъуэу штабым дахури, нэхущ хъухукIэ унэ нэщI гуэрым дыщIагъэсащ. ИтIанэ унафэ къытхуащIащ ди пэшитIым телъ кхъуэщын тIэкIур тщэн хуейуэ. Си анэр акъылэгъу хъуащ, ауэ кхъуэщыным псо зыри хэлъэкъым, уэшх къешхмэ, пэгун, фалъэхэр кIэщIэдгъэувэу арат.

Жэмми, джэдми налог телъащ а зэманым. Жэмым телъа налогым нэмыщI, шкIэ щIэсмэ, ари ттрахыу щытащ, зы соми къыдамыту. Дэ дымыгъэвар укIуэдыж...

УцIыхухъуу апхуэдизу утхьэусыхэныр къекIуркъым, ауэ мы къомыр зыгуэрым зэхихмэ нэхъыфIщ, си гум илъу дунейм сехыжмэ нэхъыкIэщ. Мы стхам зыри пцIы хэлъкъым. Си гъащIэм стхакъым мыпхуэдэ Iуэху.

Мыри сыхуейт жысIэну: ди усакIуэхэм, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэхэм зауэм хэкIуэдахэм я фызабэ жамыIэу, зауэм хэкIуэдахэм я щхьэгъусэ жаIэмэ хъунукъэ? «Фызабэ» псалъэм нэхърэ нэхъ гуауэ мы дунейм теткъым. Ар къызыгурыIуэнур анэм и закъуэ ипIа бынырщ.

Дэ къыджаIэрт: «Зи адэр зауэм хэкIуэдахэм фи анэр мыпсэужмэ, зыри фхуэтщIэнукъым, зыми фыщымыгугъ». Нэмыцэм езэуахэм льготэ яIащ газымкIи, токымкIи, телефонымкIи. Телефон щIезгъэшэну иужь сихьати, уи анэр мыпсэужмэ зыри пхуэтщIэнукъым къызжаIащ. Дауэ феплъырэ апхуэдэ жэуапым?!»

Дэтхэнэ зы унагъуэми лъэмыIэсу къэнакъым зауэм и гуащIэр. Иджыспту дгъуэта гъащIэ хуитырщ ди адэжьхэр зыщIэбэнар. Ар зыщыдмыгъэгъупщэу, абы и лъапIагъыр здынэсыр къыдгурыIуэу, къытщIэхъуэ щIэблэм абыхэм яхэлъа лIыгъэр, щапхъэу къахуэтхьу, абы щIэдгъэджыкIыу дыпсэунырщ дэтхэнэ зыми и къалэныр.

*Зытхыжар*
**ЛIЫМАХУЭ Радимэщ.**

## КъБР-м Социальнэ хьэрычэт IуэхумкIэ и центрым и лэжьыгъэр ирагъэкIуэкIын папщIэ «КъБР-м и социальнэ IэнатIэм инновацэхэмкIэ и центр» сатум пымыщIа организацэ пыгъэщхьэхукIам и гъэсакIуэхэр къыщыхахыну конкурс ирагъэкIуэкI

Мы IуэхущIапIэр КъБР-м хьэрычэт IэнатIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ зыщегъэужьынымкIэ инфраструктурэм хеубыдэ. Ар КъБР-м ЭкономикэзыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэщащ социальнэ хьэрычэт лэжьыгъэм зегъэужьыным пыщIа IуэхутхьэбзэхэрзэфIигъэкIын, социальнэ проектхэр гъэзэщIэнымкIэ зыхуэфащэ Iэмалхэр зэтригъэувэн папщIэ.

Конкурсым хэт хъунущ:

- экономикэмкIэ е Социальнэ хьэрычэт IуэхумкIэ школым зыщыхурагъаджэ программэм езэгъ нэгъуэщI IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэхэр;
- егъэджакIуэу е социальнэ IэнатIэм, экономикэм, менеджментым, маркетингым хиубыдэ IэнатIэхэм щылэжьахэр, апхуэдэу социальнэ хьэрычэт лэжьыгъэм илъэси 3 нэхърэ мынэхъ мащIэкIэ хэтахэр.

Конкурсым хэтынухэм заявкэхэр накъыгъэм и 27 - мэкъуауэгъуэм и 8-хэм къриубыдэу сыхьэти 9.00-м щегъэжьауэ 18-м нэсыху къыщыIах Налшык къалэм Циолковскэм и цIэр зезыхьэ и уэрамым тет унэ №7-м щыIэ хэщIапIэ №311-м.

Зэпеуэр зэрекIуэкIынум нэхъ зыубгъуауэ щыгъуазэ зыщыфщI хъунущ http://economykbr.ru/; http://ciss-kbr.ru/. Телефонхэр: 40-55-84. 96-85-02.




# Мазэу щыIэм я нэхъ лъапIэ

**• НэщI**

**Мазэу щыIэм я нэхъ лъапIэщ Рэмэданыр. Зэрыхуагъэфащэмкlэ, мы гъэм мэкъуауэгъуэм и 18-м ар къохьэ икIи нэщI дохьэ. НэщIыр зэрыра-хьэкI щIыкIэм мызэ-мытIэу дытепсэлъыхьащи, къытедгъэзэжынкъым. Нобэ нэхъ дыкъытеувы-Iэнщ абы и жэщ хэхам - Къэдэр жэщым.**

КЪУРIЭН лъапIэми хьэдисхэми щыгъуазэ дызэращIащи, Рэмэдан мазэм хуэдэ зыри щыIэкъым, сыту жыпIэмэ Къэдэр жэщ лъапIэр абы хэтщи. Алыхьым и псалъэу КъурIэным къыщыкIуащ: «Уа, Iиман къэзыхьахэ! Фэ нэщIыр къыфтрилъхьащ, фи япэкIэ итахэм зэрытралъхьам хуэдэу. Алыхьым фыщышынэ, сымаджэм е гъуэгуанэ кIыхь тетым фыпшыныж блэвгъэкIа махуэм хуэдиз. Рэмэдан мазэм КъурIэн лъапIэр ныфхуедгъэхащ, фэркIэ ущиякIуэу (хьэрэмми хьэлэлми щыгъуазэ фищIыну)».

Къэдэр жэщыр мазэ мин нэхърэ нэхъ хъерщ. Мазэ минкIэ гъэзэщIа Iуэхуфlхэм нэхърэ нэхъыбэщ а зы жэщ закъуэм псапэу пылъыр. А жэщым КъурIэн лъапIэр къытхуехащ, а жэщым мэлыIыч ДжэбраIилри, адрей мэлыIычхэри уафэм и ебланэ къатым къохри, япэ къатым къокIуэ, Алыхьым и сэламыр къытхуахь. Нэху щыхукIэ апхуэдэу Дыкъэзыгъэщlам и гущIэгъур зэпыунукъым. ЛIыкIуэм къиIуэтэжауэ хьэдисым къыщыкIуащ: «Хьэзрэlил и бынхэм яхэтащ зылI. Ар мазэ минкIэ Алыхьым и закъуэныгъэм щIэбэнащ. НэгъуэщI зылI жэщ минкIэ къэтэджыжурэ, нэху щыху Тхьэм нэмэз хуищIащ, махуэм Алыхьым и закъуэныгъэм щIэбэнащ. Абыхэм я псапэм гъунэ зэримыIэм шэч лъэпкъи хэлъкъым». ИужькIэ къеха КъурIэным а Iэятым щыгъуазэ дещI Къэдэр жэщым пылъ фIыгъуэр абы нэхърэ зэрынэхъ иныжыр.

НэщI зыIыгъ цIыхум гущIэгъу хэлъ мэхъу, сыту жыпIэмэ, абы нэхъ гъунэгъуу зыхещIэ тхьэмыщкIэм, зыхузэфIэмыкIым игъэвыр зыхуэдизыр. Ар зи ныбэ изым зэи къыгурымыIуэнкIэ хъунущ.

Алыхьым и псалъэу ЛIыкIуэм къиIуэтэжащ: «Тхьэм жиIащ: «Iэдэм и бын псоми фIы ялэжьыр зыхуалэжьыр я щхьэщ, нэщIым къищынэмыщIа. НэщIыр щIаIыгъыр Сэращи, абы къыпэкIуэр Сэ естыжынущ».

Алыхьыр къызэрыдэIэпыкъунум шэч къытезымыхьэу Къэдэр жэщым Тхьэм хуэпщылIым и лъэIур къабыл хъунущ, и гуэныхьри къыхуэгъунущ.

А мазэ лъапIэм псом хуэмыдэу Алыхьыр пщызыгъэгъупщэ, гур зыгъэпIейтей псоми пэIэщIэ зыщIын хуейщ, жьэм къыжьэдэкIым егупсысыпхъэщ, тхьэкIумэм зэхимыхыпхъэ зэхебгъэх хъунукъым. Алыхьым псалъэ зезыхьэм, зэмыдэIуапхъэм едаIуэхэр хуигъэдащ Тхьэм игъэхьэрэма шхыныгъуэ зыIухуэхэм.

Хэщхьэжыр къэса нэужь, ныбэр пкудэ хъунукъым, ари Тхьэм ифIэмыфI Iуэхугъуэхэм ящыщщ. Турыхь нэмэзыр щIыным псапэ лей пылъщ. Ар мэжджытым щыщIын хуейщ, унэм щыпщIми хъунущ. Ар рэкхьэт тIощI мэхъу, рэкхьэтитI къэс сэлам ят.



**• Мэжджыт цIэрыIуэхэр**

# Адэшхуэм и уэсят

Калининград щIыналъэм хиубыдэ Максимовкэ къуажэм дэт Асия мэжджытыр Уразбахтиев Илдус и мылъку къабзэкIэ иригъэщIащ, и адэшхуэ Мансур уэсят къызэрыхуищIам тету.

Тхьэм и унэр ухуэным нэгъуэщIым и сом хримыгъалъхьэу, езы Уразбахтиев и унагъуэм я пщIэнтIэпс защIэкIэ ирагъэщIащ. Абы и теплъэр уардэщ, дахэщ. Ар чырбыш плъыжькIэ ящIащ, азэн джапIэхэр ислъамым къезэгъ тхыпхъэ дахэхэмкIэ гъэщIэрэщIащ.

**• Щапхъэ**

# ГъащIэ гъуэгу

**Къундет Сафудин Мухьэж и къуэр 1947 гъэм Къызбрун ЕтIуанэ (иджы Ислъэмей) къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къиуха нэужь, армэм къулыкъу щищIащ. Командирхэр къыхуэарэзыуэ, щапхъэу ар ирихьэкIащ.**



1969 ГЪЭМ къулыкъур иухыу къигъэзэжа нэужь, лэжьапIэ хэдэ имыщIу, Бахъсэн къалэ дэт «Автозапчасть» заводым оператору уващ. Мыгувэу наладчикыу ягъасэри, илъэс тIощIрэ щыкIэ абы щыIащ. ЛэжьакIуэ жаным мызэ-мытIэу зэхьэзэхуэхэм бжьыпэр щиубыдащ.

IэнатIэм пэрытми, ислъам диным зэрыдихьэхым къыхэкIыу, КъурIэн лъапIэм еджэкIэ ригъэщIэн хулъэкIащ. Ар игъэсащ Къэзан Исмэхьил, а зэманым ар духьэшыуэ щытащ. Сафудин и Iущагъым, диным къигъэув мардэхэм псынщIэу щыгъуазэ зэрыхъум гу лъызыта нэхъыжьхэм къуажэ ефэндыуэ лэжьэну щIалэщIэм лъэIукIэ мыгувэу зыхуагъэзащ.

1992 гъэм щегъэжьауэ нобэр къыздэсым, Ислъэмей къуажэм и Iимаму, цIыхубэр къыхуэарэзыуэ Къундет Сафудин лэжьыгъэр ирехьэкI. 1995 гъэм Сирием кIуэри, Дамаск къалэм дэт Ислъам институтым и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ. Хьилымышхуэ зыбгъэдэлъ ефэндыхэм ящыщщ.

Сафудинрэ абы и щхьэгъусэ Риммэрэ унагъуэ дахэ зэдаухуащ. Абыхэм къуиплIрэ пхъуиплIрэ зэдагъуэтащ. Псори IэнатIэ зырыз пэрытщ, унагъуэ щхьэхуэхэщ, адэанэм я щапхъэм тету зэрыпсэуным хущIокъу.

Мыри къыхэзгъэщыну сыхуейщ, Сафудин и щхьэгъусэ Риммэ цIыху пэжу, псэ къабзэу, гумащIэу, нэхъуеиншэу унагъуэр зыхуей хуигъазэу мэпсэу.

Егъэлеиныгъэ хэмылъу Сафудин щхьэкIэ жысIэнщи, ар нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми я щапхъэщ. Тхьэм и нэфIыр къыщыхуэ!

**КЪАРДЭН Мухьэмэд.**
*Бахъсэн щIыналъэ*

# Мэкъуауэгъуэм и нэмэз щIыгъуэхэр

**• Фи лъэIукIэ**

| | Махуэхэр | Пщэдджыжьыр | Дыгъэр къыщыщIэкIыр | Шэджагъуэр | Ичындыр | Ахъшэмыр | Жасыр |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1, | блыщхьэ | 02.56 | 04.27 | 12.14 | 16.18 | 19.39 | 21.19 |
| 2, | гъубж | 02.55 | 04.27 | 12.14 | 16.18 | 19.39 | 21.19 |
| 3, | бэрэжьей | 02.54 | 04.26 | 12.14 | 16.19 | 19.40 | 21.20 |
| 4, | махуэку | 02.53 | 04.26 | 12.14 | 16.19 | 19.41 | 21.21 |
| 5, | мэрем | 02.53 | 04.25 | 12.14 | 16.19 | 19.42 | 21.22 |
| 6, | щэбэт | 02.53 | 04.25 | 12.14 | 16.20 | 19.43 | 21.23 |
| 7, | тхьэмахуэ | 02.53 | 04.25 | 12.15 | 16.20 | 19.43 | 21.23 |
| 8, | блыщхьэ | 02.52 | 04.24 | 12.15 | 16.20 | 19.44 | 21.24 |
| 9, | гъубж | 02.52 | 04.24 | 12.15 | 16.21 | 19.44 | 21.24 |
| 10, | бэрэжьей | 02.52 | 04.24 | 12.15 | 16.21 | 19.45 | 21.25 |
| 11, | махуэку | 02.51 | 04.24 | 12.15 | 16.21 | 19.46 | 21.26 |
| 12, | мэрем | 02.51 | 04.24 | 12.16 | 16.22 | 19.46 | 21.26 |
| 13, | щэбэт | 02.51 | 04.24 | 12.16 | 16.22 | 19.47 | 21.27 |
| 14, | тхьэмахуэ | 02.50 | 04.23 | 12.16 | 16.22 | 19.47 | 21.27 |
| 15, | блыщхьэ | 02.50 | 04.23 | 12.16 | 16.22 | 19.48 | 21.28 |
| 16, | гъубж | 02.50 | 04.23 | 12.16 | 16.23 | 19.48 | 21.28 |
| 17, | бэрэжьей | 02.50 | 04.24 | 12.17 | 16.23 | 19.48 | 21.28 |
| 18, | махуэку | 02.49 | 04.24 | 12.17 | 16.23 | 19.49 | 21.29 |
| 19, | мэрем | 02.49 | 04.24 | 12.17 | 16.23 | 19.49 | 21.29 |
| 20, | щэбэт | 02.49 | 04.24 | 12.17 | 16.24 | 19.49 | 21.29 |
| 21, | тхьэмахуэ | 02.49 | 04.24 | 12.17 | 16.24 | 19.50 | 21.30 |
| 22, | блыщхьэ | 02.49 | 04.24 | 12.18 | 16.24 | 19.50 | 21.30 |
| 23, | гъубж | 02.50 | 04.25 | 12.18 | 16.24 | 19.50 | 21.30 |
| 24, | бэрэжьей | 02.50 | 04.25 | 12.18 | 16.25 | 19.50 | 21.30 |
| 25, | махуэку | 02.51 | 04.25 | 12.18 | 16.25 | 19.50 | 21.30 |
| 26, | мэрем | 02.51 | 04.26 | 12.19 | 16.25 | 19.50 | 21.30 |
| 27, | щэбэт | 02.51 | 04.26 | 12.19 | 16.25 | 19.50 | 21.30 |
| 28, | тхьэмахуэ | 02.52 | 04.26 | 12.19 | 16.25 | 19.50 | 21.30 |
| 29, | блыщхьэ | 02.52 | 04.27 | 12.19 | 16.25 | 19.50 | 21.30 |
| 30, | гъубж | 02.52 | 04.27 | 12.19 | 16.26 | 19.50 | 21.30 |

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.*

**• ЗэвгъащIэ**

# Духьэ лъапIэхэр

**«Духьэр» («Алыхьым зыхуэбгъазэу уелъэIун» къикIыу аращ) диным и щIэгъэкъуэнщи, муслъымэнагъ зыбгъэдэлъ цIыхур абы сыт хуэдэ щыуагъэми щихъумэнущ», - жиIащ Мухьэмэд бегъымбар лъапIэу Алыхьым и нэфIыр зыщыхуам. Сыт хуэдэ духьэри «Бисмиллахьи рахьманир рэхьим»-кIэ къыщIэдзэн хуейщ.**

### ТХЬЭМ ПЭГЪУНЭГЪУ УХУЭЗЫЩIХЭР

♦Бисмиллахьи рахьманир рэхьим, уэIиза сэIэлэкэ гъибади анни фэIинни къэрибун Iуджибу дауэтэ дааи Iиза даани фэлястэджибули уэл юIмину би лэхьэллэхьум яршудун. (*КъурIэн, сурэ 2, Iэят 186*).

♦Бисмиллахьи рахьманир рэхьим, мэн хъэшия рэхьманэ билгъэйби уэджаIэ бикъэлбин мунибин Iудхъулухьа бисэламин заликэ яумул хъулуд лэхьум ма яшаIуунэ фихьа уэлэдэйна мэзидун. (*КъурIэн, сурэ 50, Iэят 33-35*).

**• ХъыбарегъащIэ**

# Зэпеуэм пащэ

Ислъам диным теухуауэ усэ зэхэлъхьэнымкIэ зэхаубла зэпеуэр зэрекIуэкIыну пIалъэм пащэ. Гукъыдэж зиIэ псори абы идогъэблагъэ. Усэхэр ислъам диным и фIагъхэм, абы къызыхуриджэ Iущагъхэм, дуней тетыкIэм, нэмэзым, нэщIым, хьэжым, нэгъуэщI муслъымэн Iуэхугъуэхэми ятеухуауэ икIи адыгэбзэкIэ тхауэ щытыпхъэщ. Ахэр нэхъапэм зыщIыпIи къытрамыдзауэ щытын хуейщ.

Зэпеуэм щытекIуахэм папщIэ саугъэтхэр ягъэуващ: япэ увыпIэр къэзыхьым - сом мини 10, етIуанэм - сом мини 6, ещанэм - сом мини 4.

Усэхэр ебгъэхь хъунущ 2015 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 30 пщIондэ мы электрон хэщIапIэм: auestk@gmail.com.

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэщ**.

# Мэкъу Iэмбатэ

**Рассказ**

1947 гъэм и гъатхэр егъэлеяуэ щыIэт. Зауэ нэужьти цIыхухэри Iэщхэри мэжэщIалIэт. Гъузер куэд щIатэкъым къызэрыкIуэжрэ, зауэр иуха нэужь, ар къагъанэри илъэситIкIэ къулыкъу ищIат.

Зы махуэ гуэрым колхоз тхьэмадэм иреджэри унафэ къыхуещI Адэлджэрийрэ езымрэ выгу зырызкIэ ТIуащIэм кIуэуэ, абы къэнауэ щыIэ мэкъу тIэкIур жэм фермэм яшэну.

ЕтIуанэ махуэм щIалитIри выгу зырыз ису ТIуащIэм ехащ. Ахэр абы щынэсар шэджагъуэ нэблэгъауэт. Жэщ мыхъу щIыкIэ мэкъур гум ирагъэзагъэри къежьэжащ. КъыздэкIуэжым джабэ цIыкIум къыдэкIын хуейти, вы увыIахэм мэкъур къахудэмышу къыкIэрынащ. Выхэм зрагъэгъэпсэхуху жэщ къатехъуащ.

- Иджы слIо тщIэнур? - щIэупщIащ Адэлджэрий.

- Выхэр езэшащ, замыгъэпсэхуу адэкIэ мэкъу яшэфынукъым, мо урыс къуажэм зыгуэру дынагъэсыфмэ, ныжэбэ абы дыщыIэнщ, - жиIащ Гъузер.

Пщыхьэщхьэр фIыуэ хэкIуэтауэ, ахэр къуажэм дыхьащ. КъуажэкIэм щыпсэу унагъуэ зырызым Iухьащ щIалэхэр. Гъузер зыбгъэдыхьа куэбжэр куэд дэмыкIыу къыIуихащ цIыхубз зэкIужым, абы къыбгъурытт зы щIалэ цIыкIуи. ЩIалэм и Iуэхур щиIуатэм, цIыхубзым зыри жимыIэу пхъэрыгъажэр Iуихри, «къыдэгъэхьэ гур» жыхуиIэу, лъэныкъуэкIэ увыжащ.

Гъузер витIыр щIитIыкIри, мэкъу тIэкIу яритащ. Абы хэту, мэкъу къызэрашар ищIэ хуэдэ, Iуэм ит жэмыр къэбууащ. Гъузер жэмым еплъри, къыгурыIуащ ар зэрымэжэщIалIэр. Зыри жимыIэу гум дэкIуейри, мэкъу Iэмбатэ зытIущ къридзыхащ. Мэкъумылэр зэпэубыдати, зыгуэрым бзэгу ихьмэ, бэлыхь зэрыхэхуэнур ищIэрти, гуахъуэр къиштэри, псынщIэу гуэщым щIигъэзэгъащ.

ЦIыхубзым Гъузер фIыщIэ хуищIащ икIи унэмкIэ иригъэблэгъащ. ЗдыщIыхьа унэр къабзэу зэлъыIухат, зы гъуэлъыпIэрэ зы тахътэбан цIыкIурэ щIэту арат. Унэгуащэм кIэртIоф гъэварэ къэбыстэ гъэфIэIуарэ Iэнэм къытригъэуващ, Гъузер чыржынитIрэ кхъуей тIэкIурэ иIыгъти, ари къытрилъхьащ.

- Зэ умыпIащIэ, а шху щIыIэм нэхъри уигъэпIыщIэнщ, сэ црибон птулъкIэ никъуэ сиIэщи ефи, мис абы укъигъэхуэбэжынщ, - жиIэри къыхуригъэхъуащ.

Нэху щыри, Гъузер выгур зэщIищIэжащ, цIыхубзым сэлам ирихыжри къежьэжащ. ФIыуэ зызыгъэпсэхуа витIым шэджагъуэм ирихьэлIэу мэкъур фермэм бууэ тет жэм къомым лъагъэIэсащ.

Зэманыр кIуэурэ, Гъузери Краснодар дэт парт школыр фIы дыдэу къиухри, колхоз партбюром и секретару лажьэу щхьэгъусэ хъарзыни къишащ. Ауэ я насыпыр кIэщIт, илъэситI фIэкIа зэдэмыпсэуауэ, быни ямыIэу, нысащIэр сымаджэ хъури, дохутырхэри сэбэп къыхуэмыхъуфу, дунейм ехыжащ.

Абы лъандэрэ илъэс 15-м нэсат, Гъузер и анэм и гъусэу псэурт. «Щхьэгъусэ къэпшэжын хуейщ», - жаIэу куэдри кърaIуэкIащ, ауэ зыри къикIыртэкъым.

Махуэ гуэрым къуажэ Iэхъуэр Гъузер деж къэкIуащ.

- Гъузер, уи жэмыр сымаджэ хъуауэ щылъщ, нобэрей махуэм зыри ишхакъым, Iэщ дохутыр наши егъэплъ, - къыжриIащ абы.

Гъузер псынщIэу машинэм итIысхьэри, фермэм ежэхащ, Iэщ дохутыр Токъан зыщIигъури, Iэхъуэр здэщыIэм кIуащ. Дохутырыр жэмым зэреплъу къищIащ ар зэрымыхъужынур. Жэмыр фIагъэжри, а махуэ дыдэм бэзэрым лы зыщэхухэм яритащ.

Абы иужькIэ тхьэмахуэ зытIущ дэкIауэ Гъузер и анэм къыжреIэ:

- Уа, щIалэ, сэ гъэш сыхуейщ, гъунэгъухэм къахь шэкIэ псэуа дыхъуну, жэм къэпщэхужыну уи гугъэкъэ?

- Къысхуэгъэгъу, ди анэ, абы сегупсысакъым, Iэмал имыIэу къэсщэхунщ.

АбыкIэ къигъэгугъэри, езыр лэжьакIуэ дэкIащ. Зыхуэзэхэм я деж щыщIэупщIащ жэм зыщэн щыIэмэ. Фермэм и унафэщIым къыжриIащ къуажэм зэрыщимыгъуэтынур, къигъуэтми, зэрагъэлъэпIэнур икIи чэнджэщ кърита урыс къуажэм щыщIэупщIэну.

ЕтIуанэ махуэм Гъузер урыс къуажэм кIуащ. Къуажэм щыдэлъадэм ар къицIыхужакъым, апхуэдизкIэ зэщIэкъуат, къабзэлъабзэти. УнэщIэхэр уэрамыбгъуитIым къыIутхэт, гъуэгур икIыхьагъкIэ асфалът ящIыжат. А илъагъухэр фIэгъэщIэгъуэну, Гъузер къуажэкум нэсри къэувыIащ, зыгуэрхэм сеупщIынщ, жери.

Япэ зыхуэза лIым къыжриIащ Гармаш Николай жэм щэн зэриIэр икIи и хэщIапIэр кърита. Унагъуэр къигъуэту щыджэм, пщIантIэм дэт лIы хэкIуэта гуэр къыдэкIащ. ЛIыжьым сэлам ирехри, къызытекIухьар жреIэ. ЛIым зыри жимыIэу Гъузер Iуэм иришащ. Абы жэмитI итт.

- Мес мо нэхъ щIалэрщ сщэр, Iейкъым, шэ пэгун къыщIокI, ухуеймэ, дызэгурыIуэнщ, - къыжриIащ лIыжьым.

- Дапщэ и уасэу жыпIэнур? - еупщIащ Гъузер.

- Сом 700 жызоIэ, ауэ къэпщэхунумэ, тумэнитху хуэдиз пхукIэрызгъэхунщ.

Гъузери арат зыхуейри, зэхуэарэзыуэ я Iэр зэрыубыдыжащ, жэмыр етIуанэ махуэм дашыну зэгурыIуэри, зэбгъэдэкIыжащ. Гъузер машинэм къитIысхьэжри, къежьэжыну щыщIигъанэм, игу къэкIыжащ 1947 гъэм и гъатхэм здэщыIауэ щыта унагъуэр. «Дауэ хъуауэ пIэрэ абыхэм я Iуэхур? Дэсыжу пIэрэ къуажэм? Дэсыжмэ, зэзгъэлъагъунщ», - жиIэри къуажэкIэмкIэ иригъэзыхащ. Зиплъыхьурэ здэжэм, бжэIупэм Iуту илъэгъуауэ щыта щиху цIыкIур къицIыхужри къэувыIащ. Ауэ ар иджы цIыкIужтэкъым, зишэщIат, ихъуреягъкIи зиубгъуат, уеплъыну дахащэт. Гъузер машинэм къикIауэ зеплъыхь, япэм здэщыIамрэ иджы илъагъумрэ куэдкIэ зэщхьэщокI: гъущI куэбжэшхуэ хэлъщ, унэ дахэшхуэ пщIантIэм дэтщ. Абы хэту абы зы щIалэ къыбгъэдыхьащ:

- Здравствуй, дядя Гъузер. Мыбдеж щхьэ ущыт? Ди анэм укъицIыхужати, уезгъэблэгъэну сыкъыдигъэкIащ, - жиIащ абы.

ЩIалэм Гъузер унэм щIишащ. ЗдыщIыхьам цIыхубзыр къыпежьэри, сэлам кърихащ.

- Нобэми гуапэу сигу илъщ абы щыгъуэм къытхуэпщIар. А мэкъу Iэмбатэ зытIущыр мыхъуамэ, ди жэмыр шхын щхьэкIэ лIэнут, дэри гъэшыншэу дыкъэнэнут. Моуэ зэ етIысэх, сэ зыгуэр згъэхьэзырынщ, - жиIэри пщэфIапIэмкIэ кIуащ.

Гъузер унэр зэпиплъыхьу здэщысым, блыным фIэлъ сурэтитIым и нэ тенащ. Галинэ Николаевнэ - арат и цIэр цIыхубзым - абы гу щылъитэм, жиIащ:

- СлIо, сыкъыумыцIыхужу ара? Къызбгъэдэтыр си щхьэгъусэращ, офицеру зауэм хэтащ, 1944 гъэм «хъыбарыншэу кIуэдащ», жаIэри тхылъымпIэ кIапэ къытхурагъэхьыжауэ аращ.

- Дауэ зэрыкIуэдар? ЦIыхур хъыбарыншэу зэи кIуэдыркъым, - къэуIэбжьащ Гъузер.

Сурэтым итыр Гъузер ицIыхурт. Ар лейтенант нэхъыжь Ганин Иван Петр и къуэрт.

Абдежым Гъузер, Галини абы и къуэ Паши игъэтIысри, яжриIащ Ганиныр ротэм и командиру, езыр взводым и командиру илъэсрэ никъуэкIэ зэгъусэу зэрызэдэзэуар икIи Iуэхур къызэрекIуэкIым щигъэгъуэзащ.

- 1944 гъэм, Киев хуит къыщащIыжым, Фастовэ къалэ цIыкIум дебгъэрыкIуауэ дыздэжэм сыплъэри, Ганиныр зэрыджалэр къэслъэгъуащ, ауэ сэ ротэр къэзгъанэ хъунутэкъыми, си сэлэтхэм ящыщ Романенкэ ар километр зытIущкIэ тпэжыжьэ Петровкэ къуажэм дэт санбатым езгъэхьащ. Дэ Фастовэр хуит къэтщIыжащ. ЕтIуанэ махуэм Петровкэ сыкIуащ, Ганиным сыщIэупщIыну. Дохутырхэм зэрыжаIамкIэ, абы и уIэгъэр хьэлъэт, операцэ щащIым и псэр хэкIащ. Ар а къуажэм дэт къуэшыкхъэм щыщIалъхьащ. Сэ занщIэу абы сыкIуащ. ПIалъэкIэ ягъэува сыным тетт: «Гвардием и капитан Ганин И .П. - 1920 - 1944 гъгъ». Апхуэдэу къекIуэкIащ Iуэхур. Сэ абы и лъэужьыр къэзгъуэтыжыну фыкъызогъэгугъэ, - жиIэри Гъузер къэтэджыжащ.

ЕтIуанэ махуэм Гъузер Подольск письмо итхащ. «ПщIэ зыхуэтщI архивым и лэжьакIуэхэ! 1944 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Фастовэ къалэр нэмыцэхэм къащыIэщIэдгъэкIыжым щыгъуэ ротэм и командир, гвардием и капитан Ганин Иван Петр и къуэр зэхэуэ гуащIэм лIыгъэ къигъэлъагъуу хэкIуэдащ икIи Петровкэ къуажэм дэт къуэшыкхъэм щыщIалъхьащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, иджыри къэс абы и кIуэдыкIар и унагъуэм ящIэркъым, хъыбарыншэу кIуэдауэ зэрыт тхылъ къыхурагъэхьа фIэкIа. Сэ сыщогугъ, письмор къыфIэрыхьа нэужь, а къуаншагъэр вгъэзэкIуэжу и унагъуэм хъыбар къевгъэщIэну», - апхуэдэу итт а тхыгъэм.

Куэд дэмыкIыу абы и жэуапри къыIэрыхьэжащ: «ПщIэ зыхуэтщI Гъузер Ибрэхьим и къуэ! Уи письмор къытIэрыхьащ, ди гуапэ хъуащ Ганин и унагъуэр зыщыпсэур къызэрыдбгъэщIар. Абы теухуа документхэр хьэзырщ. И унагъуэм и хэщIапIэр зэрыдмыщIэм къыхэкIыу здедгъэхьынур дымыщIэу щылъщи, иджы мыгувэу фи военкоматым ныIэрыдгъэхьэжынщ».

Зы мазэ хуэдиз дэкIауэ Галинэ Николаевнэ военкоматым къикIыу зэрырагъэблагъэ письмо къыIэрыхьащ икIи занщIэу Гъузер хъыбар иригъэщIащ. Абы и Iуэху зыIутыр ищIэрти, цIыхубзым жриIащ икIи зэгъусэу военкоматым кIуэну зэгурыIуащ.

Щрагъэблагъэ махуэр къэсри, военкоматым кIуащ. ЦIыху куэд къызэхуэсауэ щIэсти, къэтэджауэ ирагъэблэгъащ. Военкомым къыжриIащ Ганин Иван зауэм лIыгъэ къигъэлъагъуэу зэрыхэкIуэдар, абы щыхьэт техъуэ дэфтэрхэр къызэрагъэхьэжыр. Ахэр Ганин и щхьэгъусэмрэ и къуэмрэ къаритыжащ.

- Иджыри зы Iуэху дахэ си пщэ кърaлъхьащ, - жиIащ военкомым, зэIэбэкIщ стIолым телъ тхылъымпIэр къищтэри, къеджащ:

«СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ Ганин Иван Петр и къуэм Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыгъэм папщIэ Ленин орденыр къыхуагъэфэщащ».

Ленинным и орденыр Галинэ кърaтри IэплIэ къыхуищIащ, аргуэру зэIэбэкIри, тхылъымпIэрэ пхъуантэ цIыкIумрэ къищтэри Гъузер иритащ. А тхылъымпIэм итт 1944 гъэм Фастовэ хуит къыщащIыжым щыгъуэ зэрихьа лIыгъэм папщIэ, взводым и командир, лейтенант нэхъыжь Къарэ Гъузер Ибрэхьим и къуэм Бэракъ Плъыжь орденыр къызэрыхуагъэфэщар.

Абы и ужькIэ куэд дэмыкIыу Галинэ къыIэрыхьащ Петровкэ къуажэм и еджакIуэ цIыкIухэм я письмо. Абыхэм цIыхубзыр ирагъэблагъэрт накъыгъэм и 9-м, ТекIуэныгъэр къызэрахьрэ илъэс 20 щрикъум, ирагъэкIуэкIыну гуфIэгъуэм хагъэтыну. Гъузери си ныбжьэгъу щIалэхэр зыщIэлъ кхъэм сыкIуэнущ жиIэри, абыхэм я гъусэу ежьащ.

Фастовэ нэсу вагоным къыщикIым, Iэгуауэ инрэ макъамэкIэ ирагъэблэгъащ. Сэламыр зэрызэфIэкIыу псори автобусым ирагъэтIысхьэри, Петровкэ щыIэ къуэшыкхъэм дэт фэеплъ сыным ирашэлIащ. Галинэрэ Гъузеррэ автобусым къызэрикIыу еджакIуэхэм удз гъэгъа Iэрамэ зырыз къыIэщIалъхьащ. Галинэ удз гъэгъахэр сыным трилъхьащ, щежьэм къыздищта щIы Iэмыщ Iэр трикIутэри, и щхьэр игъэщхъащ, бгъэдэкIуатэри, IэплIэ хуищIащ.

Махуэ зытIущкIэ ахэр къуажэм щыхьэщIэри къэкIуэжащ.

Зы пщэдджыжь гуэрым Гъузер лэжьакIуэ кIуэну щыдэкIым и анэм къегъэувыIэри къыжреIэ:

- Гъузер, сэ жьы сыхъуащ, унагъуэр схузехьэжыркъым, сыпсэу щIыкIэ зыгуэр къэпшэжамэ арат.

- Сэ къэсшэн сиIэщ, ауэ уэ ар къызэрыпщыхъунур сщIэркъыми арaщ зыри щIыжызмыIэр. Ар урыс цIыхубзщ.

- Си щIалэ, уэ уигъэтыншу къыбдэпсэумэ, сэ нэгъуэщI зыри сыхуейкъым, къашэ.

Зимыгъэгувэу Гъузер станицэм кIуащ. Галини, и къуэ Паши, абы и щхьэгъусэри унэм щIэсу ирихьэлIащ. Гъузер Галинэ игъэтIысри жриIащ:

- Галинэ, сэ куэд щIауэ щхьэгъусэ зэрызимыIэр бощIэ. Уэ уарэзыуэ щытмэ, си унагъуэ уисшэнут. Жэуапыр умыгъэгувэу къызэптамэ арат.

Галинэ и щхьэр ирихьэхри, хэгупсысыхьауэ тIэкIурэ щысащ, итIанэ зэхэпх къудейуэ жиIащ зэрыарэзыр. Пашэ къэтэджри, тIуми я нэгум иплъащ, щабэу зэщIиубыдэхэри, Гъузер зыкъыхуигъэзащ: «Сэри сыхуейкъым уэ нэхъ адэфI», - жиIэри.

ХьэгъуэлIыгъуэ екIуу, дахэу ирагъэкIуэкIащ. Зы илъэс дэкIри, зэщхьэгъусэхэм къахэхъуащ щIалэ цIыкIу. Абы хуащIа кхъуейплъыжькIэрыщIэм илъэс 75-м ит Гъузер и анэр къафэу хэтащ, а гуфIэгъуэр унагъуэм даIыгъащ къуажэдэс псоми.

Мис апхуэдэу Совет властым и зэманым цIыхухэр фIыуэ зэрылъагъуу щытащ. Къэралым лъэпкъ дапщэ исами, псори зылI и быным хуэдэу зэхущытт. Аращ текIуэныгъэр къыщIахьыфари. Дауи, иджыри цIыхухэм апхуэдэ зэхущытыкIэ яку дэлъмэ нэхъыфIт, къэралми езы цIыхухэми я дежкIэ.

**ШАПСЫГЪ Хьэсэн.**
*Бахъсэн къалэ*

● Фэеплъ

# Сыхэт сэ? Уи гум сриIыхьэщ...

**КIуащ БетIал си гъащIэм япэу къыщыхыхьам сэ Iэнэ лъабжьэм сыщIэст, и ныбжьэгъум шахмат дэджэгуну къалэм дэкI си адэм гъусэ сыхуащIауэ. Ауэ си закъуэтэкъым. Iэнэ лъабжьэм си гъусэу щIэст игъащIэкIи сызрамыгъэIусэн хьэ Iэсэ, си адэм и ныбжьэгъум и лъапэр и гупсэхупIэу. Абы узригъэIусэрт, къомыдзакъэу узригъэдэхащIэрт, зэзэмызэ и бзэгушхуэмкIэ къобзейрт.**

IЭНЭ ЩIЫIУМ зэхэуэшхуэ щекIуэкIырт.

- Николай, уэ пхэнжу уоджэгу! - кIийрт си адэм и ныбжьэгъур.

- Сыт пхэнжым къибгъэкIыр?

- Сытым дежи утокIуэ, апхуэдэу ящIэркъым!

- Республикэм шахматымкIэ сыщричемпионкIэ, сытемыкIуэмэ емыкIущ! - загъэщхьэщытхъу си адэми.

- ЕмыкIур уи ныбжьэгъум утекIуэнращ. Чемпионыр икIуэтын хуейщ ныбжьэгъум щыдэджэгукIэ!

Апхуэдэу, езыр си адэм дэджэгуу, сэ и хьэм сыдэджэгуу, къыхыхьат КIуащ БетIал си сабиигъуэм. ЕтIуанэ гукъэкIыжу хуэсхъумэр махуэ гуэрым ди адэр «БетIал щыIэжкъым» жиIэу нэщхъей дыдэу къызэрыдыхьэжарщ. Ди анэм и нэпсхэр зрижа псалъэхэри сигу илъщ: «Адыгэхэм я усакIуэ нэхъыфI дыдэр яфIэкIуэдащ нобэ».

Абы лъандэрэ КIуащ БетIал сигу къыщIэзгъэкIыжын щхьэусыгъуэ къысхуимыхуэурэ илъэс щэщIым нэблэгъэн къызэзнэкIащ. «Зыми хуэмыдэ Налшык» тхылъым сыщелэжьым абы и сатыр купщIафIэхэр ди къалэм нэхъ хуэфащэу къысщыхъурт.

ЗэрымыщIэкIэ апхуэдэу хъури, - щхьэусыгъуэр уэ къащIэ, - иужьрей илъэсхэм щIэх-щIэхыурэ БетIал и кхъащхьэм блэкIырей сыхъуат. Ди адэ-анэр зыщIэлъым, зауэлIхэм я кхъэм, пэжыжьэкъым БетIал и сыныр. Сриблагъэкъым, сриIыхьлыкъым, ауэ къызыхэкIар сымыщIэу, и фэеплъыр нэхъ фэншэ зэрыхъуам, и мывэ сыныр зэрыщащэм си нэр техуащ. Зэкъым, тIэукъым ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Кхъуэlуфэ Хьэчим ар зэгъэпэщыжын хуейуэ жиIэу зэрызэхэсхрэ. Сэр дыдэм къызыхэсхар сымыщIэу, сигу къэкIащ си фейсбук напэкIуэцIым къихьэхэм захуэзгъэзэну: «Адыгэу, хэкулIу, лъэпкъым и пщэдейр къыфIэIуэхуу зызыбжыжхэм зыныфхузогъазэ КIуащ БетIал фэеплъ сыныщIэ хуэдгъэувыным мылъкукIэ зыкъыщIэвгъэкъуэну».

УсакIуэ Iэзащэ, Тхьэм къыбгъэдилъхьауэ псалъэр хуэгъэIурыщIэу. И гур пIащIэу, и сатыр къэс нэху щызэпридзу, и псэм къыбгъэдэкIыу, зыми зыдримыгъэкIуу тхауэ.

Илъэс 37-рэ фIэкIа мыхъуу гущIыхьэу дунейм ехыжащ. Абы щыщу илъэсиплIыр зауэ зэманым хиубыдауэ. Хэку зауэшхуэм и напэкIуэцIхэм а къэбэрдей щIалэм и лIыгъэр къызыхэщ сатырхэри итщ: Витебск белорус къалэр бийм къыIэщIахыжа нэужь, КIуащ БетIалщ абы и ныпыр




зыIэтыжар. Зауэм къыкIэлъыкIуа илъэсхэм КIуащ БетIал ЩоджэнцIыкIу Алий и усэ тхылъыр игъэтIылъауэ ялъэгъуа къыщIэкIынкъым. ГъащIэ нэхъ иIэу къыщIэкIамэ, Тхьэм ещIи, и егъэджакIуэм щхьэпрыкIыну къыщIэкIынт IэзагъкIэ.

1947 гъэм, и хэку къекIуэлIэжа нэужь, илъэсипщI ирихьэкIам абы бгъэдыхьэкIэкIи, къыхэхыкIэкIи, псалъэ зэгъэкIуэкIэкIи зыми емыщхь усэхэр и къалэмыпэм къыпыщэщащ. Ауэ абдеж къыщымынэу, Нало Заур гу зэрылъитащи: «Абы и Iэзагъ хуэдиз и гу щабагъыт. Зыми игу къэмыкIыу асыхьэтым усэ шэрыуэ зэхилъхьэнти, уригъэдэIуэнт; бэзэрым къыщилэжьа тумэныр зыфIэкIуэда нанэм, кърихынти, сом мин иритынт. Тхьэм ещIэ ар фIыуэ щIалъагъуу щытар - и усэхэра хьэмэ и гу щабагъра? ЦIыхухэм ягъэщIэгъуэжыртэкъым абы и гукъыдэж мыкIуэдыжри, и жьэнахуагъри, «КIуащ БетIалхэр» апхуэдэу щытын хуейуэ къафIэщI къыщIэкIынт».

Сэ езым сфIэхьэлэмэтт си къыхуеджэныгъэм игъуэтыну жэуапыр. ЦIыху дапщэу пIэрэ зи ахъшэ зыфIадыгъуа нанэм хуэжумарт усакIуэм хуэхьэлэлу къыщIэкIынур? ЦIыхуибл! ИпэжыпIэкIэ зэхуэтхьэса псори сом минипщIым нэблагъэрт. Тхьэр арэзы къахухъу псоми.

Газетеджэр езгъэзэшынкъым, фэеплъ сыныжьыр зэрызэтхъуэкIам, щIэуэ ягъэувынур зэрыдгъэхьэзырам и гугъу сщIыуэ. Ауэ иджыри къызэрымыкIуэу а Iуэхум сыт къыдэкIуар жыпIэмэ, ар ди лэжьыгъэхэр едгъэкIуэкIыху зы хьэ тхъуэплъ бэлацэ къыткIэщIэзырыхьауэ зэрыдбгъэдэмыкIарт. Арати, щхьэхуимыту КIуащ БетIал и Барсик дигу къэкIыжащ. Абы теухуа хъыбарыр къыхощ Багъ Пётр и гукъэкIыжхэм:

«БетIал щылажьэ Iэнэр, сытым дежи лэжьыгъэ зэрыщекIуэкIыр плъагъуу, зэхэтхъуат: тхылъымпIэ напэ зэхэтхыхьахэр, адресхэмрэ телефон номерхэмрэ зытет газет кIапэхэр. Куэдрэ гу лъыптэрт тхылъхэмрэ Iэрытххэмрэ я щIыIум и нэхэр щIригъэлъафэу БетIал и Барсик, хьэ тхъуэплъ тхьэкIумэшхуэр, телъу. А дакъикъэхэра къыщIэкIынт БетIал и гур утIыпщауэ щытхэр».

Лэжьыгъэхэр иджыри и кIэм нэсакъым. Фэеплъым и зэIухыгъуэ махуэм ди мурадщ КIуащым и усэ тхылъ щIэрыщIэу къыдэдгъэкIыжыну. Абы ихуэнущ Нало Заур и тхыгъэри, Багъ Пётр и гукъэкIыжхэри, КIуащым и дэфтэру архивым къыхахыжахэри.

Си гуапэ хъунут а фэеплъым бгъэдыхьэурэ, псэкIэ тха БетIал и сатыр гупцIанэхэр зи фIэщ хъуа щIалэгъуалэм усакIуэр зэи ягу имыхужыну:

**ДыгъэфI махуи, жэщ мазэгъуи**
**Сызыщышынэр зыщ:**
**«ИщIэгъа щыIакъым щIагъуи,**
**ЛIащ, дыхуэарэзыщ», -**
**СхужыпIэнырщ си лъэпкъ мащIэ:**
**Ар си лIэн тIэунейщ.**
**Уэ умыщI Iумпэм си гуащIэр,**
**Сэ уэ сырыуейщ.**

**КОТЛЯРОВ Виктор**,
*«Эльбрус» журналым и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.*


БетIалрэ и хьэ Барсикрэ. *1948 гъэ*

# «Адыгэхэр: лIыхъусэжьхэр, шууейхэр, зауэлIхэр...»

**Накъыгъэм и 21-м КъБР-м и Лъэпкъ музейм щекIуэкIащ ди республикэмрэ Адыгеймрэ я лъэпкъ музейхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. «Адыгэхэр: лIыхъусэжьхэр, шууейхэр, зауэлIхэр...» зи фIэщыгъэ гъэлъэгъуэныгъэм лъэпкъым и къекIуэкIыкIам, хабзэу зэрихьам, зэрызиужьам, къигъэсэбэпу щыта Iэмэпсымэхэм, лъэпкъ фащэм, Iэщэм щеплъащ къекIуэлIахэр. Псори зэхэту хьэпшыпи 100-м щIигъу ягъэлъагъуэ.**

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ зыкърагъэхьэлIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэхэм, тхыдэджхэм, республикэм и щIалэгъуалэм. Абы къызэрыхагъэщащи, мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр сэбэп мэхъу лъэпкъым и къекIуэкIыкIам уриплъэжынымкIэ, щIэблэр тхыдэм щыгъэгъуэзэнымкIэ.

- Зи тхыдэм щымыгъуазэ лъэпкъым и къэкIуэнур щIагъуэкъым. Ди адэжьхэм махуэ къэс ящыгъыу щыта лъэпкъ фащэ дахэр илъэсым зэ нэхъ мыхъуми щыттIэгъэныр дэтхэнэми ди къалэну къызолъытэ, - жиIащ гъэлъэгъуэныгъэм къекIуэлIахэм ящыщ Бэлэтокъуэ Заур. КърихьэлIахэм телъыджэ ящыхъуащ уэркъ Бэлэтокъуэ Жамболэт и джанэр. Адыгэхэм ар шэтемыгъахуэ джанэу, зи фэ илъыр къихъумэу щытауэ жаIэ. XIX лIэщIыгъуэм ядауэ щыта джанэр 1938 гъэ лъандэрэ щахъумэ Адыгейм и Лъэпкъ музейм. Музейм щагъэлъэгъуа дэтхэнэ хьэпшыпми иIэжщ езым и тхыдэ, и хъыбар. Гъэлъэгъуэныгъэр екIуэкIынущ мазитIкIэ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Балъкъэрхэри мэщыгъуэ

**Хабзэ зэрыхъуауэ, Адыгэхэм я Щыгъуэ махуэм Iуащхьэмахуэ куейми зэхыхьэ зэмылIэужьыгъуэхэр щокIуэкI.**

ЩIЫНАЛЪЭМ и библиотекэм «БлэкIам и сурэт», «Тщыгъупщэ хъунукъым» фIэщыгъэм щIэт пшыхьхэр, «Адыгэхэр я хэку щопсэуж», «Адыгэхэр: тхыдэ лIэщIыгъуэхэр» тхылъ гъэлъэгъуэныгъэхэр къыщызэрагъэпэщат.

Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъу Iуащхьэмахуэ къуажэ щекIуэкIа пшыхьым школакIуэ цIыкIухэр адыгэхэм теухуа усэхэм къыщеджащ. Абы япэрей сурэтхэр, адыгэхэр щыпсэууэ щыта щIыналъэм и картэхэр щагъэлъэгъуащ, зауэ гущIэгъуншэр иращIылIэу ахэр Тыркумрэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъумрэ зэрагъэIэпхъуам тепсэлъыхьыжащ.

Налшык дэт «ГъащIэм и жыг» фэеплъым деж щекIуэкIа пэкIум Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и лIыкIуэу хэтащ щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Уянаев Кязим**, абы и къуэдзэ **Iэзубэч МуIэед**, КъБР-м и Парламентым и депутат **Маккаев Махъты**, Тырныауз къалэ администрацэм и унафэщI **Джаппуев Руслан**, КъБР-м и Парламентым физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ и комитетым и тхьэмадэ **Жаппуев Магомед**, «Эльбрус-транс» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь IуэхущIапIэм и унафэщI **Темукуев Хьэшим**, къуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, щIыналъэм и «Адыгэ Хасэм» хэтхэр, нэгъуэщIхэри.

**ТАРИМ Алисэ.**

● Бокс

# НыбжьыщIэхэм я текIуэныгъэ

**Дагъыстэным щекIуэкIащ боксер ныбжьыщIэхэр Европэ чемпионатым и саугъэтхэм щыщIэбэна урысейпсо зэпеуэ.**

АБЫ зэхуишэсат Урысейм и щIыналъэхэм я спортсмени 160-м нэблагъэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и боксер ныбжьыщIэхэри яхэту. Ди спортсменхэм зэхьэзэхуэм медалиплI щызыIэрагъэхьащ.

Килограмм 60 зи хьэлъагъхэм я деж бжьыпэр щиубыдащ Къурмэн Алихъан. ЕтIуанэ увыпIэр къихьащ Мовсисян Залым, Азнаур Ислъамрэ ЛIынэ Айдамыррэ ещанэ хъуащ.

# Гуэнгъэпщ Руслан псоми йофIэкI

**МафIэсым пэщIэтынымкIэ къэрал къулыкъум щекIуэкIащ «КъБР-м и ГПС-м и къудамэм и командир нэхъыфI-2015» еплъыныгъэзэпеуэ.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР къызэрагъэпэщащ мафIэсым зыщыхъумэнымкIэ и IэнатIэхэм къалэным зэрыщыхуэхьэзырыр къэпщытэным, къулыкъум и къудамэхэм я командирхэм я хьэзырыныгъэмрэ я IэщIагъэмрэ нэхъри ирагъэфIэкIуэным, нэхъыфIыр къыхэхыным хуэунэтIауэ.

Еплъыныгъэ-зэпеуэм къыщихьа баллхэмкIэ бжьыпэр иубыдащ Дзэлыкъуэкъуажэ и мафIэс часть №9-м и IэнатIэм и командир Гуэнгъэпщ Руслан. ЕтIуанэ увыпIэр лъысащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Каменномост къуажэм и мафIэс часть №17-м щыщ Зыхъу Мурат. Аруан щIыналъэм хыхьэ Старэ Шэрэдж къуажэм и мафIэс часть №21-м и IэнатIэм и командир КIуащ Рустам ещанэ хъуащ.

**СЭБАН Арсен**,
*КъБР-м МафIэсым пэщIэтынымкIэ и къэрал къулыкъум и пресс-IуэхущIапIэ.*

# Бильбао къапоплъэ

● Кикбоксинг

**Пермь къалэм щекIуэкIа кикбоксингымкIэ Урысейм пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ зи чэзу зэхьэзэхуэмрэ чемпионатымрэ ди республикэм и спортсмен ныбжьыщIэхэм зэфIэкI екIу щагъэлъагъуэри дыщэ медали 3 зыIэрагъэхьащ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и щIыхьыр зэпеуэм щIалипIлым щахъумащ. Джэрмэншык щыщ Ажо Алим Урысей чемпионатым медаль къыщылъысакъым, ауэ дэгъуэу зыщигъэлъэгъуащ. Абы и къуажэгъу Къарэмырзэ Азэмэт нэхъыщIэ спортсменхэм я деж бжьыпэр щиубыдри дыщэ медаль къихьащ. КIэух зэIущIэм абы Ханты-Мансийск автоном округым и лIыкIуэр Iэмал гуэри иримыту щыхигъэщIащ (3:0). Спортсменым и тренерыр Апажэ Рашидщ.

Шытхьэлэ къуажэм дэт «Синдикэ» спорт клубым и гъэсэнхэм текIуэныгъитI зыIэрагъэхьащ. Асатов Саид ныбжьыщIэ нэхъыщIэхэм я деж и хьэрхуэрэгъуищри, тIур нокауткIэ, щыхигъащIэри, къэралым пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ. Апхуэдэ дыдэ зэфIэкI лъагэ игъэлъагъуэри ныбжьыщIэхэм я деж щытекIуащ Асанов Тамерлан. Спортсменхэр и гъэсэнщ тренер Саралидзе Айдин.

КикбоксингымкIэ (К-I) Урысейм пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ зэхьэзэхуэм нэхъыщIэхэм я деж щытекIуащ Бад Iэуес и гъэсэн, Москва и щIыхьыр зыхъума Къурмэн Дианэ.

Зи гугъу тщIа зэпеуэм щытекIуахэм иджы къапоплъэ Испанием и Бальбао къалэм щекIуэкIыну Европэм пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ зэхьэзэхуэр.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Мырзэкъан.**

# Бабугентдэсхэр япэ йощ

● Футбол

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм 2013 гъэм щытекIуа Бабугент и «ЛогоВАЗ»-м а ехъулIэныгъэм иджыри къытригъэзэжыну щIохъуэпс. Егъуанэ джэгугъуэм къарикIуа бжыгъэхэм абы и закъуэу бжьыпэр иригъэубыдащ.**

ИУЖЬРЕЙ илъэситIым ди республикэм и чемпион хъуахэм я зэIущIэр удихьэх хъуну ущыгугъ хъунут. АрщхьэкIэ абы щыгугъахэр къэпцIащ. Бабугент кIуа «Кэнжэм» «ЛогоВАЗ»-м зыри пигъэувыфакъым икIи бжыгъэшхуэкIэ зыкъыхригъэгъэщIащ.

Иджыри къэс бжьыпэр зыIыгъа «Къэхъуныр» Налшык «щылъэпэрэпащ». «Союз»-мрэ абырэ зэрытемыгъэкIуауэ зэрызэбгъэдэкIыжам къэхъундэсхэм пашэныгъэр яфIигъэкIуэдащ. Уеблэмэ абы япэ ищащ Аргудан «Бедик»-р щыхэзыгъэщIа «Автозапчасть»-ри.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм адрейхэм куэдкIэ япэ щищащ «Автозапчасть»-м и пашэ Хьэбылэ Алим. ПэщIэдзэ джэгугъуибгъум абы ику иту зэIущIэ къэс топ щырыщ щыдигъэкIащ.

Щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым хэт командэхэм иригъэкIуэкIа иужьрей джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Бедик**» (Аргудан) - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - **0**:**2**, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **5**:**0**, «**Къэбэрдей**» (Шэрэдж Ищхъэрэ) - «**Щтауч**» (Шэджэм) - **1**:**0**, «**Нарт**» (Нарткъалэ) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **2**:**3**, «**Велес**» (Къэрэгъэш) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **4**:**3**, «**Союз**» (Налшык) - «**Къэхъун**» (Къэхъун) - **1**:**1**, «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - **0**:**4**, «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - **4**:**1**.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. «ЛогоВАЗ» | 9 | 8 | 1 | 0 | 35-12 | 25 |
| 2. «Автозапчасть» | 9 | 8 | 0 | 1 | 46-13 | 24 |
| 3. «Къэхъун» | 9 | 7 | 2 | 0 | 33-5 | 23 |
| 4. «Нарт» | 9 | 6 | 1 | 2 | 28-17 | 19 |
| 5. «Къэбэрдей» | 9 | 4 | 3 | 2 | 20-18 | 15 |
| 6. «Бедик» | 9 | 4 | 2 | 3 | 15-11 | 14 |
| 7. «Кэнжэ» | 9 | 4 | 1 | 4 | 31-27 | 13 |
| 8. «Союз» | 9 | 4 | 1 | 4 | 25-17 | 13 |
| 9. «Спартак-Д» | 9 | 4 | 0 | 5 | 21-15 | 12 |
| 10. «Бахъсэн» | 9 | 3 | 2 | 4 | 10-24 | 11 |
| 11. «Шэджэм-2» | 9 | 3 | 1 | 5 | 12-21 | 10 |
| 12. «Велес» | 9 | 3 | 1 | 5 | 21-36 | 10 |
| 13. «Тэрч» | 9 | 3 | 0 | 6 | 19-29 | 9 |
| 14. «Щтауч» | 9 | 2 | 1 | 6 | 14-25 | 7 |
| 15. «Псыгуэнсу» | 9 | 1 | 0 | 8 | 5-32 | 3 |
| 16. «Родник» | 9 | 0 | 0 | 9 | 17-49 | 0 |

● Гу зылъытапхъэ

# Хэт хьэщIэр зыфIэмыфIыр?

**2015 гъэм накъыгъэм и 29 - 30-хэм Налшык щекIуэкIынущ «ХьэщIагъэ-2015» проектым и менеджерхэм я зэIущIэ.**

ЗЭХЫХЬЭР къызэрагъэпэщ «Хэкупсэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм, «Лъэпкъ псапащIэ фонд» урысейпсо жылагъуэ фондыр, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэр и дэIэпыкъуэгъуу.

«ХьэщIагъэ» Iуэхур къызэзыгъэпэщахэм я мурадщ Кавказым зэгурыIуэу, зым и хабзэм адрейм пщIэ хуищIу илъэсищэ бжыгъэ хъуауэ къыщызэдэгъуэгурыкIуэ лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм зрагъэубгъуну. «Зэныбжьэгъухэр» хабзэр Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм ижьижьыж лъандэрэ къадокIуэкI. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщ цIыхухъухэр ныбжьэгъу зэрыгъэхъуу, зэкIэлъыкIуэу, зыр зым дэIэпыкъуу щытащ. ЩIалэхэр махуэ зыбжанэкIэ хьэщIапIэ щыIэт, бысымхэм я хабзэм, я псэукIэм зыхагъэгъуазэу. Ныбжьэгъу зэрыгъэхъуахэр благъэ зэхуэхъуауэ ялъытэрт.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьынущ мы Iуэхум зэрызыхуагъэхьэзырынум, ар зэрырагъэкIуэкIынум.

Мы гъэм «ХьэщIагъэ» лагерым щIалэгъуалэр кърагъэблэгъэну я мурадщ. Абы щыIэну щIалэхэр хагъэгъуэзэнущ Урысейм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ зэпыщIэныгъэр зыхуэдэм, абыхэм я мыхьэнэм.

Зэхыхьэм хэтынущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъуэгу псоми я лIыкIуэхэр.

Налшык къалэм Лениным и цIэр зезыхьэ и уэрамым тет 57-нэ унэм (2 къат, конференц пэш) 2015 гъэм накъыгъэм и 29-м сыхьэт 15.00-м щIидзэу зэIущIэр щекIуэкIынущ.

**КЪУБЕЙ Мадинэ.**

# Хъыбар гуэр фщIэмэ!

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет



Урысей МВД-м и «Аруан» къудамэм къелъыхъуэ УФ-м и УК-м и 228-нэ статьям и етIуанэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэр зэрилэжьам къыхэкIыу ягъэкъуаншэ **ТIэш Аслъэнджэрий Амас и къуэр**. Ар 1964 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м къалъхуащ, КъБР, Лэскэн район, Урыху къуажэм Кировым и уэрамым тет унэ №106-м щатхащ.

**И теплъэр**: см 175-180 и лъагагъщ, курыту зэIэщIэлъщ, и щхьэцыр фIыцIэщ, захуэу, нэ фIыцIэщ, пэ хъурейщ.

**ПщIэ зыхуэтщI республикэм щыпсэухэ!**

ТIэш Аслъэнджэрий Амас и къуэм и хэщIапIэр зэхэгъэкIынымкIэ сэбэп хъуну хъыбар гуэр фщIэмэ, дыныволъэIу фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкIэ: **8 (86635) 4-01-02**, **4-02-02** е **02**.



Урысей МВД-м и «Аруан» къудамэм къелъыхъуэ УФ-м и УК-м и 147-нэ статьям и ещанэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэр зэрилэжьам къыхэкIыу ягъэкъуаншэ **Бжьэдыгъу Арсен Хъамбий и къуэр**. Ар 1955 гъэм щIышылэм и 14-м къалъхуащ, КъБР, Лэскэн район, Арщыдан къуажэм Лениным и уэрамым тет унэ №167-м щатхащ.

**И теплъэр**: см 175-180 и лъагагъщ, курыту зэIэщIэлъщ, щхьэц фIыцIэщ, нэ фIыцIэщ, пэ захуэщ.

**ПщIэ зыхуэтщI республикэм щыпсэухэ!**

Бжьэдыгъу Арсен Хъамбий и къуэм и хэщIапIэр зэхэгъэкIынымкIэ сэбэп хъуну хъыбар гуэр фщIэмэ, дыныволъэIу фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкIэ: **8 (86635) 4-01-02**, **4-02-02** е **02**.



Урысей МВД-м и «Аруан» къудамэм къелъыхъуэ УФ-м и УК-м и 228-нэ статьям и ещанэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэр зэрилэжьам къыхэкIыу ягъэкъуаншэ **Абрэдж Заурбэч Къадир и къуэр**. Ар 1985 гъэм накъыгъэм и 17-м къалъхуащ, КъБР, Лэскэн район, Хьэтуей къуажэм Былымгъуэтым и уэрамым тет унэ №9-м щатхащ.

**И теплъэр**: см 175-180 и лъагагъщ, курыту зэIэщIэлъщ, и щхьэцыр фIыцIэщ, захуэу, нэ фIыцIэщ, пэ захуэщ.

**ПщIэ зыхуэтщI республикэм щыпсэухэ!**

Абрэдж Заурбэч Къадир и къуэм и хэщIапIэр зэхэгъэкIынымкIэ сэбэп хъуну хъыбар гуэр фщIэмэ, дыныволъэIу фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкIэ: **8 (86635) 4-01-02**, **4-02-02** е **02**.



Урысей МВД-м и «Аруан» къудамэм къелъыхъуэ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и ещанэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэр зэрилэжьам къыхэкIыу ягъэкъуаншэ **КIэрэф Къазбэч МуIэзин и къуэр**. Ар 1971 гъэм бадзэуэгъуэм и 11-м къалъхуащ, КъБР, Лэскэн район, Анзорей къуажэм Маркс цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №133-м щатхащ.

**И теплъэр**: см 175-180 и лъагагъщ, зэIэщIэлъщ, и щхьэцыр фIыцIэщ, нэ фIыцIэщ, пэ захуэщ.

**ПщIэ зыхуэтщI республикэм щыпсэухэ!**

КIэрэф Къазбэч МуIэзин и къуэм и хэщIапIэр зэхэгъэкIынымкIэ сэбэп хъуну хъыбар гуэр фщIэмэ, дыныволъэIу фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкIэ: **8 (86635) 4-01-02**, **4-02-02** е **02**.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Жыласэ Заурбэч, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2, 3-нэ нап.)*, ПхытIыкI Азэмэт *(1, 4-нэ нап.)*. *Корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.189 ● Заказ №879